ЩIэныгъэлIхэм я зэхыхьэ

2-нэ нап.

Анэгур пэлъэщакъым апхуэдиз гуауэм

3-нэ нап.

Нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу

4-нэ нап.

Iуащхьэмахуэ лъапэ и тхыдэ лъагъуэщIэхэр

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№54 (24.804) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ


80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

# Хэкум и лIыхъужьхэр къытхуоблагъэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ Урысейм и ЛIыхъужьхэу ТекIуэныгъэм и махуэм и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуеблэгъахэм, «Хэкум и лIыхъужьхэм ящыгъупщэркъым» урысейпсо акцэм хэтхэм. Илъэситкlэ узэlэбэкIыжмэ, апхуэдэ хэкупсэ къалэн я пщэ дэлъу ди деж къэкIуахэм яхуэзауэ щытащ республикэм и Iэтащхьэр.**

ХЬЭЩIЭ лъапIэхэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ Налшык дэт «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхым» деж, иужькIэ ЩIалэгъуалэм я республикэ унэм махуэшхуэм теухуауэ щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхухэм хэтащ. МахуитIым къриубыдэу ахэр кIуэнущ республикэм и щIыналъэхэм икIи абыхэм дэт курыт еджапIэхэм лIыхъужьыгъэм и дерсхэр щатынущ.

«Ар ди республикэм дежкIэ икъукIэ пщIэшхуэщ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэщ - Урысейм и ЛIыхъужьхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм йопсэлъылIэ, ахэр яущий. ЩIалэгъуалэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ апхуэдэ цIыхухэм пэжыр къыжраIэныр, Хэкум хуэпэжыным, лIыхъужьыгъэм, дзэ къалэныр зищIысым щагъэгъуэзэныр.

Совет офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ Хэку зауэшхуэм къыщагъэлъэгъуа хахуагъэр, къакъуэкIа лIыхъужьыгъэр ящымыгъэгъупщэнырщ и лъабжьэр ди къэралым и тхыдэр щхьэж зэрыхуейм хуэдэу къызэрырамыгъэтхыкIыжынум. ЩIэблэхэм зэIэпах а хабзэхэм я фIыгъэкIэ Хэкум и хъумакIуэхэм и пщIэр ехуэхакъым, ар ноби долъагъу - ди урысей зауэлIхэр дзэ Iуэху хэхам хахуэу щыпэщIэтщ аргуэру зи щхьэр къэзыIэтыжыну хэт фашизмэм», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Урысейм и ЛIыхъужьхэм ирагъэкIуэкI жылагъуэ Iуэхухэр къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным хуащI хэлъхьэныгъэ къызэрымыкIуэщ. Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэну Iэмал къызэрагъуэтам папщIэ фIыщIэшхуэ яхуищIащ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я офицерхэу дзэ къулыкъум хэмытыжхэм я «Мегапир» лъэпкъ зэгухьэныгъэм хэтхэм, республикэм къыхуеблэгъа хьэщIэ псоми.

## Зауэм и гъуэгуанэкIэ

**Налшык къалэ дыгъуасэ щрагъэжьащ зауэм и фэеплъ щIыпIэхэр къызэхэзыкIухьыну автомашинэхэр. Мы гъэм ар траухуащ ТекIуэныгъэ Иныр совет цIыхубэм къызэрихьрэ илъэс 80 зэрырикъум.**

IУЭХУМ хэтынухэр щызэхуэсат Налшык къалэм дэт «МафIэ мыужьых» фэеплъым деж. Абыхэм фIэхъускIэ захуигъэзащ ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Еbiгъэжьыкъуэ Хьэсэн.

«Илъэс 80 ипэ ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я фэеплъым пщIэ хуэтщIыну нобэ дызэхуэсащ. Хэку зауэшхуэр ди тхыдэм и напэкIуэцI къудейкъым, ар цIыху мелуанхэм я гъащIэрэ лIыгъэрэ зыхэлъщ. Мы Iуэхур и щыхьэтщ щIэблэхэм мамырыгъэр зэрызэIэпытхым, ди адэжьхэм я фэеплъым пщIэ зэрыхуэтщIым. Ветеранхэм фIыщIэ ин яхудощI. Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр уахътыншэщ. Сынывохъуэхъу ТекIуэныгъэ Иным и махуэ къэблэгъамкIэ!» - жиIащ абы.

МашинэкIэ зекIуэ ежьэнухэм удз гъэгъахэр тралъхьащ ТекIуэныгъэм и фэеплъым икIи Хэкум и хъумакIуэхэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

Гъуэгу техьахэр къыщыувыIэнущ Хэку зауэшхуэм теухуауэ Аруан, Лэскэн, Тэрч щIыналъэхэм щыIэ фэеплъхэм деж. Гъэ къэси зэрахабзэу, иужькIэ яунэтIынущ Осетие Ищхъэрэм и Елхъуэт къуажэм, фашистхэр абдеж къыщызыгъэувыIахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэнущ. Абдеж щеух мыгъэрей зекIуэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Къэрэшей лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэмкIэ КIуэкIуэ Казбек зэрехъуэхъуар

**«Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Борисовнч и къуэми щIыналъэм щыпсэухэми сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу я махуэшхуэмкIэ, - щыжеIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и хъуэхъу тхыгъэм. - КъэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр къэрэшей лъэпкъым и лIыгъэм, къэмыланджагъэм, хуитыныгъэм я дамыгъэщ. Щхьэхуимыту я щIыналъэм зэрырахуам къыдэкIуа гугъуехь псори къызэринэкIри, и хэкум къигъэзэжащ, и хабзэр, и бзэр, и щэнхабзэр ихъумэжауэ.**

УРЫСЕЙМ щыпсэу лъэпкъыбэм яхэту абыхэм яхузэфIэкIащ социальнэ, экономикэ, щэнхабзэ унэтIыныгъэхэмкIэ зыужьыныгъэфIхэр зрагъэгъуэтын.

Нобэ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэм жыджэру ягъэзащIэ ди Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэр, щIыналъэ программэхэр, IуэхугъуэщIэхэр ипэкIэ гъэкIуэтэнымкIэ щапхъэ нэс къагъэлъагъуэ.

Ди къуэш Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэм и щIалэхэр Урысейм и хэгъэгу псоми я зауэлIхэм ящIыгъуу Хэкур яхъумэ.

Къэрэшей лъэпкъым фIэщхъуныгъэшхуэ хэлъу я республикэми къэралми и къэкIуэнур яухуэ, псоми ди зэхуэдэ Хэкум лъабжьэ быдэ иIэным я гуащIэ халъхьэ.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэухэр адэкIи ефIэкIуэну, фIыгъуэ, зэIузэпэщыгъэ яIэну сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сахуохъуахъуэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ТекIуэныгъэм и мафIэгур

**«Гум щытхъумэхэм дызэкъуагъэувэ. Ди къарур лIыхъужьыгъэм хэлъщ!» къэралпсо Iуэхум ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ ТекIуэныгъэм и мафIэгур. УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа а жэрдэмыр диIыгъащ «Урысей гъущI гъуэгухэр» зэгухьэныгъэм. МафIэгум километр мин 33-м щIигъу икIуну къыпэщылъщ. Абы зэпищIэнущ дзэ щIыналъэ псори, къыщыувыIэнущ УФ-м хыхьэ субъект 61-м я къалэрэ жылэу 75-м. Зауэм, мамырыгъэм, УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ къыщызэгъэпэща эшелоныр «Налшык» гъущI гъуэгу станцым къыщыувыIащ.**

- НОБЭ ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ совет цIыхубэм: сэлэтхэм, офицерхэм, фронтым и щIыбагъкIэ гуащIэдэкI лэжьыгъэшхуэ щызэфIэзыхахэм, партизан зэщIэхъееныгъэм хэтахэм - ди цIыху псоми Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэмрэ къыщагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ я пэжыпIэр тхъумэну, щIэблэхэм я деж нэтхьэсыну, - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, а Iуэхугъуэм щытепсэлъыхьым. - Ди адэшхуэхэм, дадэшхуэхэм яхэлъа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, ябгъэдэлъа зауэ зэфIэкI лъагэхэм хуэдэ мы зэманым къагъэлъагъуэ абыхэм къащIэув щIалэхэм, СВО-м пщIэрэ щIыхьрэ яIэу хэту. Илъэс 80 ипэкIи хуэдэу, ди къэралым и къэкIуэнур, зэIузэпэщыныгъэр, быдагъэр елъытащ нобэрей зауэлIхэм я псэемыблэжагъэм, зэпIэзэрытагъымрэ къикIуэт ямыщIэу зэрыщытымрэ, жылагъуэ зэкъуэтыныгъэм. Си фIэщ мэхъу ТекIуэныгъэм и мафIэгур ди республикэм щыпсэу балигъхэми сабийхэми ящыщ куэдым зэрызрагъэлъагъунур.

УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэща бгъэIэпхъуэ хъу мы музей къызэрымыкIуэм дэтхэнэми игу къегъэкIыж икIи ирегъэгупсыс ТекIуэныгъэм щIэтта уасэр зэрыиным. Ар тыгъэ лъапIэу 1945 гъэм и накъыгъэ мазэм дэ къытхуащIащ ялэ ита ди адэшхуэхэм, дадэшхуэхэм, ар зи гуащIэ дэкIа псоми. Абыхэм я фIыгъэщ тшхынрэ тщIэнрэ дгъуэту, мамыру дыпсэууэ зыузэщIыныгъэм дызэрыхуэкIуэр. Ар ящIэн хуейщ псоми.

ТекIуэныгъэм и мафIэгур къалащхьэм и гъущI гъуэгу станцым къыщрагъэблэгъащ ветеран, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Вокзалым и гупэм къит утыкум абы и щIыхькIэ къыщызэрагъэпэщащ икIи къызыхуэтыншэу щекIуэкIащ республикэм и творческэ гупхэм я концерт.

ГъущI гъуэгу музей хьэлэмэтым щыплъагъунущ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ятеухуауэ иджыри къэс хэIущIыIу ямыщIу яхъума дэфтэрхэр, сурэтхэр. Апхуэдэуи а лъэхъэнэм щыIа зауэ техникэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Музейм щIэлъщ иджырей зэпэщIэувэныгъэм къриубыдэу урысей зауэлIхэм къуентхъ къащIа IэщэхэIи техникэ лIэужьыгъуэхэри.

● ЛIыгъэм и дамыгъэхэр

# Нахимовым и орденыр

**Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ягъэува флот дамыгъэхэм ящыщщ. Ар хуагъэфащэрт хым щекIуэкIыну зауэ операцэхэр къызыхуэтыншэу зэхалъхьэкIэрэ, я нэIэ щIэту дагъэкIкIэрэ, ехъулIэныгъэ хэлъу къызэрагъэпэщкIэрэ, биидзэр изыгъэкIуэта е абы хэщIыныгъэ ин езыта, апхуэдэу езыхэр зыхэт дзэ къару нэхъыщхьэхэр зыхъума Дзэ-Тенджыз Флотым и пашэхэм. Апхуэдэу Нахимовым и орденымкIэ Дзэ-Тенджыз Флотым хыхьэ дзэпакIэ щхьэхуэхэмрэ хыдзэ зэгухьэныгъэхэмрэ я цIэр къраIуэрт.**

ДАМЫГЪЭР СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1944 гъэм гъатхэпэм и 3-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ. Орденым I икIи II нагъыщэхэр иIащ. Хыдзэпщ Нахимов Павел и цIэр зыфIаща дамыгъэм и теплъэр зыщIар архитектор Шепилевский Модестщ. Орденым и жыпхъэр Сталин Иосиф щрагъэлъагъум, абы ар налкъут плъыжькIэ гъэщIэрэщIэныр игъуэу къилъытащ. Аращ Нахимовым и орденыр СССР-м и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщ зыщIыр.

I нагъыщэр пкъыгъуэбэу зэхэт дамыгъэщ. Орденым лъабжьэ хуэхъуащ дыщэм къыхэщIыкIа, дэбзыкI зиIэ бзиитху вагъуэр. Абы и щIыIум къытелъщ дыжьыным къыхэщIыкIа, зи папцIапIэм хъурзэ пыщIыхьа бзиитху вагъуэр. Дыжьын вагъуэм и бзийхэр дыщэ вагъуэм и бзий зэхуакум хуэзэу пкъыгъуитIри зэтегъэзэгъащ. Дыжьыным къыхэщIыкIа вагъуэм ику дыдэм хуэзэу уэрдыхъу гъум къызыдекIуэкI, зи лъэгур зэфэзэщу джафэ медальон итщ. Медальон лъэгур дыщэм къыхэщIыкIащ, щIыхуфэ къызыщIыхьэ лапхъэкIэ къиIыкIащ. Абы зи нэгур сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ гъэза Нахимов Павел и сурэтыр тещIыхьащ. Хыдзэпщым и щхьэмкIэ къекIуэкIыу хьэрфышхуэ защIэкIэ «НАХИМОВ ПАВЕЛ» псалъэхэр къыхэIущIыкIауэ тетщ. Сурэтым и лъабжьэр дыщэпс зытелъ лэб зэхэухуэнахэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Абыхэм я лъабжьэкIэ зэблэдза гъубжэмрэ уадэмрэ я теплъэр тещIыхьащ. Дыжьын вагъуэм и бзийхэм кумбыгъэ мащIэ яIэщ, абыхэм налкъут плъыжь игъэтIысхьащ.

II нагъыщэр зэрыщыту дыжьыным къыхэщIыкIа дамыгъэщ. Налкъут плъыжьым и пIэкIэ, вагъуэ бзийхэм яIэ кумбыгъэ мащIэм лапхъэ ярыкIащ. Дамыгъэр IыхьитIу зэхэтщ: бзиипщI къызыхэкI вагъуэрэ абы курых хуэхъу, Нахимов Павел и сурэтыр зытещIыхьа медальону.

Орденым и щIыбагъыр зэфэзэщу джафэщ, и нэхэр къыхэщ къудейуэ уэрдыхъу псыгъуэкIэ къэщIыхьащ, щыгъыным ирихэпIуэнтIэн хуэдэу, и кум хуэзэу лъакъуэ цIыкIу къыхокI.

Нахимовым и орденыр зауэлI фащэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ храгъэубыдэ, зыхуагъэфэщам нэгъуэщI дамыгъэхэр иIэмэ, Кутузовым и орденым иужькIэ бжыгъэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу халъхьэ.

Нахимовым и орденым и I нагъыщэр 82-рэ ятащ (77-р - дзэ пашэхэм, 5-р - хыдзэ зэгухьэныгъэхэм), II нагъыщэр 469-рэ ятащ (467-р - дзэ пашэхэм, 2-р - хыдзэ зэгухьэныгъэхэм). Дамыгъэм и нагъыщитIри зыхуагъэфэщар цIыхуищ къудейщ.

**ТАБЫЩ Мурат.**

# Процентн 10-м нэсащ

**2025 гъэм и гъатхэпэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ инфляцэр, илъэс пIалъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, мазаем ехьэлIауэ процент 0,81-кIэ хэхъуащ икIи процентн 10, 13-м нэсащ. Къэралым ику иту щыщыIэ бжыгъэхэм нэхърэ ар нэхъ мащIэщ - процентн 10,34-рэ щохъу. Къапщытэж пIалъэм кърибыдэу кхъуеймрэ хадэхэкI-пхъэщхьэмыщхьэ продукцэхэмрэ я уасэхэрщ нэхъыбэу зыхэхъуар, къитащ Урысей Банкым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм.**

ЕРЫСКЪЫХЭКIХЭМ я уасэм хэхъуэ зэпытурэ макIуэ. Псалъэм къыдэкIуэу, мазэ блэкIам псом нэхърэ нэхъ лъапIэ хъуар кхъуейращ. 2024 гъэм и бжьыхьэм щегъэжьауэ абы и уасэр процент 19,54-кIэ дэкIуеящ.

Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI продукцэхэр лъапIэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэр абыхэм я нэхъыбэр сату щIыпIэхэм къазэремэщIэкIарщ. Ди къэралым къыщагъэкIахэм гъатхэм дызэрыримыкъуам щхьэкIэ, ахэр хамэ щIыпIэхэм къуэду кърашащ. Абыхэм я уасэри нэхъ лъэгащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, мазэ 12-м кърнубыдэу пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ я уасэм процент 25,73-кIэ ди деж щыхэхъуащ.

КъыдэкIуэу, дызэрыт илъэсым и гъатхэпэм джэдыкIэр нэхъ пуд хъуащ. Абы и уасэр мы гъэм и щIышылэм ехын щIидзащ. Ар къызыхэкIар джэдыкIэу кърахам и куэдагъми абы и щIэупщIэри нэхъыбэ зэрыхъуарщ. Илъэсым кърнубыдэу джэдыкIэ уасэм процент 17,47-кIэ кIэрыхуащ. ЕрыскъыхэкIхэм яхэткъым а пIалъэм кърнубыдэу нэхъ пуд хъуа.

Ерыскъыуэ щымыт продукцэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ лъапIэ щыхъуахэм яхохьэ сабыныр, хьэкъущыкъухэр зэратхьэщI, зэрыжьыщIэ порошокхэр, дыхур, сэхусэплъхэр, н.къ. Ар къызыхэкIар хамэ къэралхэм къыщащэху, абыхэм халъхьэ пкъыгъуэхэм ахъшэ нэхъыбэ трагъэкIуадэ зэрыхъуарщ, иужьрей зэманым сомым «зэрызигъэбыдам» щхьэкIэ къэмынэу.

Иужьрей мазэ 12-м хуэзэу а хьэпшыпхэм я уасэхэм процентн 4,51-рэ - 6,44-кIэ хэхъуащ.

УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм къызэритымкIэ, илъэс пIалъэкIэ къэдгъэлъагъуэмэ, инфляцэр иджыпсту фIыуэ нэхъ лъагэщ, зэхуагъэувыжа бжыгъэхэм елъытауэ.

«Урысей Банкым и лэжьыгъэр хуэгъэпсащ 2026 гъэм инфляцэр процентн 4-м нэс иригъэхыжыным. Абы щхьэкIэ щIэупщIэр зэтеIыгъэн, вкладхэмрэ кредитхэмрэ я процент ставкэхэр зэрыхъукIэ нэхъ лъагэу пIалъэ кIыхькIэ щыгъэтын хуейщ», - щыжаIащ УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм.

Къапщытэж мазэм кърнубыдэу, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр процент 1,23-кIэ щыдэкIуеящ ди республикэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Пщэдей Радиом и махуэщ

# Псэугъуэ имыхуа бзылъхугъэ

**Дунейм и щIэрэщIэгъуэ накъыгъэ мазэм и махуэхэм я нэхъ лъапIэщ, дауи, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьар. Радиом и махуэри, накъыгъэм и 7-р, ди къэралым гулъытэ хэха щыхуащIхэм ящыщ.**

А IУЭХУГЪУИТIРИ, махуитI фIэкIа я мызэхуакуу, зэрызэрихьэлIэр къэдгъэсэбэпу, мы тхыгъэм дыщытепсэлъыхьыну дыхуейт, Хэку зауэшхуэм и зэранкIэ къагъэщIар мащIэми, цIыху гъуэзэджэу дунейм тета зэщхьэгъусэхэу Шыбзыхъуэ Къэралбийрэ Такъ ХьэIишэтрэ я иужьрей илъэсхэр зэрекIуэкIам.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и гугъу тщIымэ, абы щылэжьахэм журналист Iэзэхэр яхэта къудейкъым, тхакIуэ къалэным пэлъэщаи къулыкъушхуэ зыIыгъаи къахэкIащ.

Мис абыхэм, а нэхъапэрейхэм, я цIэр тхъумэным, IуэхущIафэу зэрахьар мыгъэкIуэдыным ехьэлIауэ цIыху гумызагъэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм и фIыгъэкIэ, Такъ ХьэIишэт хуэдэ журналист гуащIафIэхэм я цIэр дунейм къытехьэжащ. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъа а бзылъхугъэ телъыджэм и гъащIэр Хэку зауэшхуэм икъутащ, и щхьэгъусэри Берлин нэсыпауэ хэкIуэдащ. Аращ, ТекIуэныгъэм щIэбэнахэрщ, мы тхыгъэр зытеухуар.

ЗэрышагъащIэт Къэралбийрэ ХьэIишэтрэ. А тIум насып зэдаIэным хуэгъэзауэ хъуахъуэ нэхъыжьхэм трагъэчыныхьырт лъэпкъитIым - Шыбзыхъуэхэрэ Такъхэрэ - я блэгъагъэр быдэ хъуарэ щIэблэ цIыкIухэри къащIэхъуауэ ялъагъуну зэрыхуейм. УнагъуэщIэм ягъуэтыну бынхэр гъэсарэ щIэныгъи ябгъэдэлъу къызэрытэджынум шэч къытрамыхьэжу, жаIэрт нысащIэм щIэныгъи зригъэгъуэтарэ къулыкъуи къыхуагъэфэщауэ зэрыщытыр, щаурэм Москва дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым артист IэщIагъэр къыщIихащ.

... Теплъэ екIу зиIэ щIалэ къуданым къалащхьэм къыщыдеджахэм я напщIэ телът ар зэраныбжьэгъур. Ауэ къэхьеящ кудым я насып къэкIуэгъуэр зэтезыкъута зауэ гущIэгъуншэр, артистри, мыгувэу, бийм пэщIэуващ танкисту.

ХьэIишэти куэдрэ пэрытакъым къыхуагъэфэща и IэнатIэм. 1942 гъэм, фашистхэр Кавказым къыщыблагъэм, я техникэр ягъэIэпхъуэрти, Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиокомитетыр зэхуащIащ, езы бзылъхугъэри, Налшык къыдэнэ хъунутэкъым зыпэрыта и лэжьыгъэмкIи, обкомым и унафэкIэ, дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъа тхылъхэри дыщIагъури, Грузие лъэныкъуэр я гъуэгу, зауэлI автомашинэкIэ ирагъэжьащ.

Ауэ жыжьи нэсатэкъым, мо жэпуэгъуэ мазэм и махуэ дахэр дунейкъутэж ящIу, бийм и лагъымзехьэхэр къащыщхьэувам. Ежьахэр зэтрагъэувыIэри, щIыгум щыгъуэлъыну жраIащ, ХьэIишэтрэ дзэм хэт фельдшер журт хъыджэбзымрэ псыхъуэмкIэ дэлъэдащ, я Iэпэхэр зэрыIыгъыу, ауэ биишэр къатехуэри зыр занщIэу иукIащ.

ХьэIишэт уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ сэлэтхэм къагъуэтыжри, автомашинэм къахыжащ, «псы, псы» жиIэу лъаIуэурэ. Ирагъэфакъым, хъунутэкъыми... Я гъуэгури абдеж щахъуэжри, уIэгъэ хьэлъэ хъуар и къуажэм, Къэхъун, яшэжащ.

Нэмыцэр мыбыи къэсат, итIани хьэблэ лIыжьхэм лIыгъэ зэрахьащ: Сэхьид ипхъу дахэм и гуауэщхьэуэ дауэдапщэр кхъэм щагъэзащIэри, я нэпсыр жьакIэпэм пыщэщу, зэбгрыкIыжащ.

Махуэ бжыгъэкIэ хуит къащIри, и щхьэгъусэри куэд дэмыкIыу къэкIуэжат (фашистхэр ди щIыналъэм ирахужа нэужь), къэхъуам щымыгъуазэххэу...

А тIум ятеухуа хъыбар гущIыхьэр къысхуэзыIуэтэжа Такъ Полинэ, ХьэIишэт и шыпхъу нэхъыщIэр, а псори игу къыщигъэкIыжкIэ, илъэс куэд зэрыдэкIауэ, иджыри щысыфтэкъым, къызэфIэмынэу. Уэру и нэпсыр къыфIыщIэжырти, зэпыдгъэу-едгъэжьэжурэ дызэпсэлъат абырэ сэрэ.

И шыпхъум и щапхъэкIэ Полини егъэджакIуэ хъуати, 1943 гъэм и гъатхэм сабийхэр дишауэ губгъуэм здитым, и гъэсэнхэм зэрызехьэу щIадзэ: «Мес, мес, совет сэлэт!» жаIэу. Ину бакъуэу губгъуэхуэм къыкIуэцIрыкIыр щIалэ цIыкIухэм къацIыхужауэ арат, «Ура, танкист!» щыжаIэм.

Полинэ зыкъищIэжат, арщхьэкIэ... сытыт абы жриIэнур?.. Сэлам гуапэкIэ къахыхьэжа зауэлIым щыгуфIыкIа ныбжьыщIэхэм, егъэджакIуэм и нэкIу зэриплъэу, я щхьэр къыфIэхуащ, икIи, жэри, танкистыр къаухъуреихьащ. Апхуэдэу зэрыгупу кIэлъыкIуэнут ахэр сэлэтым, дэнэкIэ игъазэми, ауэ и гъусар егъэджакIуэм и закъуэщ. Абы и дамащхьэр иIыгъыу, зыхуэпIащIэ и щхьэгъусэм «деж» ар щынэсар гукъутэ Iейщ, жыIэгъуейщ.

И шинелыр и кхъащхьэм триубгъуэщ, езыр абы бгъурыгъуэлъхьэжри, зыгуэрхэр жриIащ...

«Дызэгуэудыху жыхуаIэм хуэдэу дгъеижа иужь, зауэлIым псалъэ итащ, фронтым игъэзэжу фашисту хъуар зэтриукIэну...» - щыжиIэжым, Полинэ, зыхуэмыIыгъыжу, зэщыджэу гъырт.

ИужькIи, илъэсым щIигъукIэ зэуащ Къэралбий, ауэ къигъэзакъым, - бийм я щIыналъэм нэсыпауэ 1945 гъэм хэкIуэдащ.

Такъ ХьэIишэтрэ Шыбзыхъуэ Къэралбийрэ я унагъуэ дахэр апхуэдэу яIэщIэкIуэдащ фашистхэм, Хэкум хуаIэтыфыну щыта лэжьыгъэшхуэхэри къакъутащ, щIэблэ губзыгъэу къащIэхъуэнкIэ хъунухэри лъэпкъым IэщIачащ.

**Хэтыт, атIэ, а ХьэIишэтыр?**

Зэанэзэпхъур - Такъ Полинэрэ Блэнауэ Тамарэрэ - къыздэIэпыкъуурэ, цIыху зыбжанэм сахуэзащ, ХьэIишэт и гъащIэмрэ и лэжьыгъамрэ теухуауэ зыщыгъуазэр къызэхуэсхьэсурэ.

Къэхъун школым щIэтIысхьа я хъыджэбз Iущ цIыкIури занщIэу щапхъэ хъуащ, зэрегугъур къалъытэри, «Ленинным и еджапIэ цIыкIу» жаIэу Налшык къалэм дэтам ягъэкIуащ. Абы и классибл нэужьым, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзырым щIэтIысхьэри, ари къиухащ, и къуажэми игъэзэжащ.

XX лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ди щIыналъэм къызэрыщекIуэкIауэ, ар, дауи, ехъулIэныгъэшхуэт. Ауэ ХьэIишэт абдежми къыщыувыIакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым педогогикэ институт къыщызэIуахати, 1938 гъэм абыи щIэтIысхьащ. Ар 1941 гъэм и дыгъэгъазэм къиухащ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр иIэу.

А IэнатIэм щыпэрытми, ХьэIишэт лажьэрт компартым и щIыналъэ къудамэм и обкомым и инструктору. А лъэхъэнэм агитацэмрэ пропагандэмрэ ягъэткIият, Хэку зауэшхуэр къызэрыхъеям къыхэкIыу. ЩIэныгъэфI зэриIэр къалъытэри, 1942 гъэм и щIышылэм ХьэIишэт къулыкъушхуэ кърадащ. Ар иджы Радиокомитетым и унафэщI хъуат, абы ипэкIэ тетар, Тыкъуэ Къубатий, зауэм дэкIати, абы и къалэныр и къуэдзэм, ХьэIишэт, и пщэ къыдэхуат. Иджы абы и пщэрылът, журналист лэжьыгъэм урысыбзэкIи адыгэбзэкIи IэкIуэлъакIуэ зэрыхуэхъуам къинэмыщIауэ, политредактору щытынри. И IэщIагъэм IэкIуэлъакIуэ хуэхъунымкIэ къыщхьэпат журналистхэм я курс нэхъыщхьэхэр Москва къызэрыщиухари.

Псори къехъулIэрт, псоми пэлъэщырт: цIыхубэр текIуэныгъэм хуэунэтIынри, ди хэкуэгъу щIалэу зэуапIэм Iухьахэм я лIыгъэм радиом щIэдэIухэр щыгъэгъуэзэнри. Апхуэдэ зыуэ къитауэ щытащ Жамборэ Щэуал и лIыхъужыгъэ хъыбарыр.

Къэхъун къуажэм дэс лIыжьхэр иригушхуэрт къэрал Iуэхухэм щыгъуазэ а хъыджэбз цIыкIум и лэжьэкIэм. КъэкIуэжу ар ялъэгъуамэ, къыщызэхуэсырт Такъхэ я куэбжэпэми, «Сытым щыгъуэ Хьитлер и капутыр?» упщIэм къыщегъэжьауэ жэуап куэд, къэрал унафэщIхэм, дзэзешэхэм ехьэлIауэ, зэхахыну хуейт. Сэхьид зыгуэркIэ дэмысу ирихьэлIэмэ, и щхьэгъусэ Муслъимэт (Мэремхэ япхъут) псоми есэжати, гуапэу къаIущIэрт. Игъэпэжт абы Такъхэ къыфIаща «Дыщэкъан» нысэцIэр.

Такъ ХьэIишэт хуэдэ цIыхубз губзыгъэм, къулыкъушхуэ пэрытам, къэрал унафэ зыгъэзащIэу зи гъащIэр, зи унагъуэр зауэм икъутам и хъыбарыр, и пщIэр хъума хъун папщIэ, щIэблэм ящIэн зэрыхуейр къыхигъэщу дызэпсэлъащ университетым щезыгъаджэ Жамборэ Еленэрэ сэрэ.

«Ди лъэпкъым и тхыдэми дунейпсо щэнхабзэми я IуэхущIафэкIи хьэл-щэнкIи дахэдахэу къыхэмыщ, ауэ революцэ жыбгъэм зэгуэр дэкIэрэхъуа унэцIэхэр ноби щхьэ дгъэлъэпIэн хуей? Апхуэдэу, Налшык и уэрам нэхъ инхэм я зым Арманд Инессэ и цIэр зэрехьэ, Вольнэ Аулым Люксембург Розэ ейм ущыхуозэ. И хьэлыншагъэкIэ езы нэмыцэхэм зэрамыпэсыж Цеткин Клари и гугъу дауэ зэрыпщIынур? ТекIуэныгъэшхуэм и махуэ лъапIэм зи гъащIэр щIэзыта Такъ ХьэIишэт и цIэр зы уэрам фIащыныр зэфIэдгъэкIыфамэ аратэкъэ?!» - жеIэ Жамборэ Еленэ.

**КЪУДЕЙ Лидэ**.

**Тхыдэмрэ фэеплъхэмрэ лъабжьэ хуэхъуауэ, Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ институтым (СКГИИ) щекIуэкIащ нэгъуэщI къэралхэми я лIыкIуэхэр зыхэта «Страницы немеркнущей славы» урысейпсо щIэныгъэ конференц. Ар теухуат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум.**

# ЩIэныгъэлIхэм я зэхыхьэ

IУЭХУМ и япэ махуэм Абхъаз Республикэм къикIа хьэщIэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, IуэрыIуатэдж-кавказыдж, я щIыналъэм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и тхьэмадэ Джапуэ Зураб, институтымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетымрэ я студентхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ лIыгъэм и МафIэ мыужьыхым.

ЕтIуанэ махуэм конференцым и лэжьыгъэр зэхаублащ еджапIэм и Макъамэ кадет корпусым игъэзащIэ «Прощание славянки» маршымкIэ. ЗэIущIэр къызэIуихащ СКГИИ-м и ректор Рахаев Анатолэ. ЦIыхухэм я псэм зиужьынымкIэ, гъащIэ мамырымрэ ди дунейм и къэкIуэнумкIэ ТекIуэныгъэ Иным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщащ абы. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм ди къэралыр зэрытекIуар, гъуазджэм абы къалэнышхуэ зэрыщигъэзэщIар, Хэкум къыщхьэщыжын, абы хуэпэжын зэрыхуейр щIалэгъуалэм хьэкъыу япхыгъэкIын зэрыхуейр жиIащ ректорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ конференцым хэтхэм фIэхъус яриха иужь, совет лъэпкъым и текIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, 20-нэ лIэщIыгъуэм къэхъуа тхыдэ Iуэхушхуэу ар зэрыщытыр къыхигъэщащ. Апхуэдэуи ар къытеувыIащ Германием и фашистыдзэм дытекIуэн папщIэ лъэпкъхэр зэрызэкъуэувам, абыхэм я псэ къарум ди къэралыр кIуэдыпIэм къызэрыришам.

Конференцым зэхуишэсат Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми щыщ IэщIагъэлI-къэхутакIуэу, егъэджакIуэу, студенту 400-м щIигъу. Абыхэм ящыщу 70-м щIигъур Налшык къэкIуащ, адрейхэм я лэжьыгъэхэр къагъэхьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Iуэхум хэтащ Абхъазым, Узбекистаным, Азейрбайджаным, Беларусым, Осетие Ипщэм, Туркменистаным, Бурундым, Палестинэм, Иорданием, Сирием, Индием, Великобританием, Ирландие Ищхъэрэм, Италием, Франджым, Чехием, Къэзахъстаным, Тыркум, Судан Ипщэм, Афганистаным щыщ IэщIагъэлIхэр. Урысейм щыщу конференцым къызэщIиубыдащ Сахалинрэ Тюменрэ щегъэжьауэ Мэхъэчкъалэ нэс.

Секцэу 6 щылэжьащ зэIущIэм. Абыхэм щызэпкърахащ зауэм теухуа Iуэхугъуэ куэд. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм ТекIуэныгъэ Иным хуащIа хэлъхьэныгъэр», «Тылым щылэжьахэм ТекIуэныгъэ Иным хуащIар», «Зауэм и бынхэр» докладхэр къахэщырт.

Конференцым хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Москварэ Москва областымрэ, Санкт-Петербургрэ Ленинград областымрэ, Ростов областым я лIыкIуэхэр, КъБКъУ-м, КъБКъАУ-м я лэжьакIуэхэр, Налшык и гимназие №14-м и класс нэхъыжьхэм щIэсхэмрэ и егъэджакIуэхэмрэ.

ЗэIущIэм и хьэщIэт щIэныгъэлI-тхыдэдж, филолог, искусствовед, этнолог, IуэрыIуатэдж цIэрыIуэхэр. Апхуэдэхэт ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа Джапуэ Зураб, Пятигорск къэрал университетым и профессор, Кавказ Ищхъэрэм филологиемкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Казиевэ Альмирэ, Адыгейм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къуиикъуэ Асфар сымэ, нэгъуэщIхэри.

КърихьэлIахэм гукъинэж ящыхъуащ Арьяи Эсханулэ и къэпсэлъэныгъэр, Афганистаныр зыхэта хьэзабымрэ хэщIыныгъэу абы игъуэтамрэ, и лъэпкъэгъухэр гъунэгъу щIыналъэхэм мамыру ядэпсэуным зэрыщIэхъуэпсыр лъабжьэ зыхуищIар.

ЗэIущIэм ехъулIэныгъэ иIэну хъуахъуэу, и лэжьыгъэм фIыкIэ хуэхъуапсэу тхыгъэхэмрэ телеграммэхэмрэ къагъэхьащ цIыху куэдым, ахэр къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIащ. Конференцым и лэжьыгъэр махуитIым къызэщIиубыда къэпсэлъэныгъэхэмрэ къагъэхьа щIэныгъэ тхыгъэхэмкIэ зэфIэкIыныкъым. Зэман гъунэгъум абы и къызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ IэдакъэщIэкI псори щызэхуэхьэсауэ, «Российский индекс научного цитирования»-м и мыхъур тету, тхылъ къыдагъэкIыну. Абы Iэмал къыдитынущ Хэку зауэшхуэм теухуа къэхутэныгъэхэмрэ иджырей IэдакъэщIэкIхэмрэ тхъумэну, къытщIэхъуэ щIэблэм ахэр къахуэдгъэнэну.

**ИСТЭПАН Залинэ**.

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъыбар кIэщIхэр

## ЩIыхуэ нэхъ мащIэ зытелъхэр

**УФ-м и Банк нэхъыщхьэм къызэритамкIэ, къэралым и щIыналъэхэм щыпсэухэм 2024 гъэм банкхэм кредиту къыщащтам и куэдагъыр щынэхъ мащIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхохьэ, Камчаткэмрэ Сахалинрэ, Шэшэнымрэ Дагъыстэнымрэ ящIыгъуу (10-10,5-рэ).**

ЩIЫХУЭ нэхъыбэ зытелъхэм яхэтщ Астрахань областыр, Къырымыр, Тувар. Абыхэм нэмыщI, кредит куэд къащтащ Къалмыкъым (22,3-рэ), Къэрэшей-Шэрджэсым (18,9-рэ), Ленинград областым (18,8-рэ) щыпсэухэм.

ЩIыналъэхэм щыпсэухэм къащта кредитым и куэдагъыр Банк нэхъыщхьэм къызэрилъытар илъэсым и пэщIэдзэм ирихьэлIэу зы цIыхум ику иту кредиту телъа щIыхуэмрэ блэкIа илъэсым и зы мазэм ику иту цIыхухэм яIэ хэхъуэмрэ зэрызэщхьэщыкIымкIэщ. 2024 гъэм и еплIанэ мазищым кредитхэр ахъшэ IэрылъхьэкIэ зыпшыныжахэм я бжыгъэм зы мелуанкIэ хэщIащ е проценти 4,4-кIэ икIи мелуан 21,5-м нэсащ.

## ЕджапIэщIэхэм къахохъуэ

**Иужьрей илъэсиблым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ курыт школу 25-рэ, еджакIуэ мин 15-м нэблагъэм ятещIыхьауэ. Абыхэм яхэтщ Налшык, Тэрч къалэхэм, Iуащхьэмахуэ къуажэм зи ухуэныгъэхэр мы гъэм и кIэм щынагъэсыну школищри.**

КУЭД щIакъым Нарткъалэ, Шэджэм къалэхэм, Александровскэ, Прималкинскэ, Красносельскэ къуажэхэм курыт еджапIэщIэхэр зэрыщаухуэрэ. Мы гъэм фокIадэм и 1-м абыхэм лэжьэн щIадзэнущ.

Школхэр псори яухуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ пэхуэщIэм, иужькIэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» фIэщыгъэмкIэ зэрахъуэкIам, 2025 - 2030 гъэхэм лэжьэнум хыхьэ «Иджырей школ» пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

## Къуажэхэм нэхъыбэ щаухуэ

**Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и япэ мазищым Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуакIуэ, унеи IуэхущIапIэхэм зэгъусэу фэтэр 1699-рэ яухуащ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 220,8-рэ хъууэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар хуэдэ 1,5-кIэ нэхъыбэщ.**

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриуыбдэу псэупIэу псори зэхэту яухуам щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 214,9-р унагъуэхэм ейщ. Ари хуэдэ 1,8-кIэ нэхъыбэщ 2024 гъэм и щIышылэм - гъатхэпэм яхузэфIэкIам нэхърэ. Къуажэхэм щаухуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 144-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж**.

● Зэпеуэ

# УзэлIалIэр къогугъуж

**Адыгэбзэр нобэ зэрыува щытыкIэмрэ ди къэкIуэнумрэ иригузавэхэм я гур хэзыгъэхъуэж зэпеуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Адыгэ тхакIуэ, узэщIакIуэ, IуэрыIуатэхутэ Исмел Уэздемыр и фэеплъу зэхаша, «ЦIыкIураш» зыфIаща хэгъэгупсо зэпеуэм и зи чэзу зэхыхьэр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ ХьэтIокъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ «Адыгэбзэ Хасэм».**

АНЗОРЕЙ, Кугъуэлъкъуей, Аргудан къуажэхэм дэт сабий гъэсапIэхэм къикIа гупищыр зэпеуащ гъэхуауэ, шэрыуэу псэлъэнымкIэ, щэныфIэу утыку итынымкIэ, теплъэгъуэм хэт цIыкIухэм ягъэлъагъуэ образхэм зэрихьэмкIэ, утыкур къызэрызэрагъэпэщамкIэ, макъамэмкIэ, къафэмкIэ.

Театр Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпурэ, адыгэ IуэрыIуатэм щыщ теплъэгъуэхэр адыгэбзэ къабзэкIэ утыку къизыхьа сабийхэм уахэплъэну, уедэIуэну, уахэсыну хъуэпсэгъуэт икIи гухэхъуэт. Iеймрэ фIымрэ къагурыIуэу, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ зэхахщIыкIыу, гулъытэ яIэу, хьэл-щэн дахэ яхэлъу, тэмэму гъэсауэ ахэр гъащIэм зэрыхэтынум шэч къытепхьэртэкъым, апхуэдизкIэ Iущыцэщ Лэскэн щIыналъэм и щIэблэри.

Нарт эпосым, хъыбарыжьхэм щыщ пычыгъуэхэр цIыкIухэм зэрагъэхьэзырар къэзыпщытэ гупым хэтащ тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, ЩIДАА-м хэт Фырэ Анфисэ, Кэнжэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщIым и къуэдзэ, гъэсакIуэ, егъэджакIуэ Тэтэр Iэминэ, Бахъсэн къалэм дэт 1-нэ прогимназием и гъэсакIуэ, психолог, логопед Къуэдзокъуэ Маринэ, Хьэтуей къуажэ администрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ Анзор.

Абыхэм гран-при увыпIэ лъагэр хуагъэфэщащ иныжьхэм ядыгъуа Мэлычыпхъу, нарт лIыхъужьхэм къызэрахьыжар екIуу къэзыгъэлъэгъуа, Кугъуэлъкъуей жылэм къикIа гупым. Япэ увыпIэр иратащ Аргудан и лIыкIуэхэм, етIуанэр – Анзорей гупым.

- Адыгэ сабий гуп адыгэбзэ къабзэкIэ псалъэу куэд щIауэ срихьэлIатэкъым. Урысей къэралыгъуэм дыщыщыпсэукIэ, урысымрэ балъкъэрымрэ къыщыддэгъуэгурыкIуэкIэ, абыхэм дагурыIуэн папщIэ псоми урысыбзэр тIурылъын хуейщ. ИкIи, хуэм-хуэмурэ, ар сабийхэм гъуазэ яхуохъури, анэдэлъхубзэр яIэщIоху. Адыгэр апхуэдэ щытыкIэ диуващ ноби, къалэ дэнэ къэна, къуажэдэс цIыкIухэр анэдэлъхубзэкIэ псалъэу зэхэтхмэ, дыгуфIэу дыкъэнащ. ИкIи ар бзэм, щэнхабзэм, тхыдэм елэжь дэтхэнэ зым дежкIи гузэвэгъуэшхуэщ. Абы къыхэкIыу, ди щIэблэм адыгэбзэр езыгъащIэ адэ-анэхэм, гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм фIыщIэ лей яхуэфащэу къызолъытэ. СыгуфIащ, сыгушхуащ, си щхьэр лъагэу слъагъужащ нобэ. Мы махуэр зыгъэщIэрэщIа сабийхэм зэи ягу ихужынукъым зыхэта Iуэхугъуэр, абы щагъэлъэгъуа теплъэгъуэр, къыщапсэлъа псалъэхэр, ягъэзэщIа ролхэр. Абы и фIыгъэкIэ цIыкIухэр эпосым щыгъуазэу, IуэрыIуатэм дигъэцIыхуж лIыхъужьхэм я цIэхэр ящIэу къэтэджынущ. ИкIи фIыщIэ лей хуэсщIыну сыхуейт «Адыгэбзэ Хасэм» и унэфIэщI Табыщ Муратрэ ХьэцIыкIу Раерэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэ къызэрыхалъхьам, бзэм хуалэжьым папщIэ, - жиIащ къэпщытакIуэ гупым и унафэщIу зэIущIэм хэта Фырэ Анфисэ къыщыпсэлъам.

Зэпеуэм кърихьэлIа, хэта псоми захуигъазэу, ХьэцIыкIу Рае къыщыпсэлъам жиIащ:

- Сабийм удэлэжьэныр, бгъэсэныр, гъуэгу захуэ тебгъэувэныр езыр Iуэху тыншкъым. Абыхэм я бзэр яIэщIэмыхуу къэбгъэтэджын жыхуэпIэр нэхъ хьэлъэжщ. Фэрэ дэрэ нобэ къалэнышхуэ ди пщэм къыдохуэ - адыгэр зэрыщыIэ илъэс мин бжыгъэхэм кърихубыдэу ипсыхьа хабзэмрэ бзэмрэ тхъумэну. ИкIи «Адыгэбзэ Хасэм» иригъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр псори зыхуэгъэзар ди щIэблэм анэдэлъхубзэр къагъэсэбэпынымрэ яхъумэнымрэщ. Абы къыхэкIыу, фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт ди нобэрей зэпеуэм хэта гупищыр зыгъэхьэзыра, абыхэм ядэлэжьа гъэсакIуэхэмрэ ахэр къыздикIа гъэсапIэхэм я унафэщIхэмрэ. Хабзэр пхузехьэнукъым бзэр умыщIэу. ИкIи а бзэр нобэ ди щIэблэм IэщIэдгъэхурэ, иужькIэ зыкъэтщIэжу деныкъуэкъужкIэ мыхьэнэ иIэжынукъым.

Зэпеуэм хэтахэм фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ирата нэужь, псоми зэщIыгъуу сурэт зытрагъэхащ. Абы хэта егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ щхьэхуэу зэхыхьэжри, я лэжьыгъэм и пIалъэкIэ зэчэнджэщащ.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ**.

# Дунейм щыхъыбархэр

## Iуэхум и къежьапIэр

**УФ-м и Президент Путин Владимир «Россия. Кремль. Путин. 25 лет» документальнэ фильмым щытепсэлъыхьащ Урысеймрэ Украинэмрэ яку къыдэхъуа зэныкъуэкъум.**

КЪЭРАЛ УнафэщIым къыхигъэщащ Урысейм и шынагъуэншагъэмрэ экономикэмрэ ятеухуауэ Москва лэжьыгъэ пыухыкIа игъэзэщIэн хуейуэ Украинэм щыIэ щытыкIэм къыхуигъэуващ зэрыщытар. «Iуэхум фIыуэ демыгупсысауэ, ар зэпэдмылъытауэ дэ зыдгъэхъей зэрымыхъунур къыдгурыIуэрт, - жиIащ Путин Владимир. – Урысейм зауэ къигъэхъеин гугъэ иIакъым, ар хущIэкъуащ Донбассым щыIэ щытыкIэр мамыру зэфIихыну».

Урысейм и Iэтащхьэм и гугъу ищIащ 2007 гъэм шынагъуэншагъэм теухуауэ Мюнхен щекIуэкIа конференцым Москва къыхилъхьа Iуэхухэм къухьэпIэ къэралхэм гулъытэ зэрыхуамыщIам. «Урысейр зыми и унафэ щIэмыт, зи щхьэ хуитыж къэралу зэрыщытын хуейр ягурызгъэIуэну сыхэтащ, арщхьэкIэ дызэхахакъым икIи Москва къыхуаIэ щытыкIэм зрагъэхъуэжыну хэтакъым. ИкIэм-икIэжым абы дыхуишащ нобэ Украинэм и IуэхукIэ дуней псом щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэм», - жиIащ Путин Владимир.

## Уэгу гъуэгуанэр зэтраублэж

**1993 гъэ лъандэрэ иджы япэу Урысеймрэ Абхъазымрэ я уэгу зэпыщIэныгъэр зэтраублэжащ. Москва къикI кхъухьлъатэр Сыхъум аэропортым тхьэмахуэ кIуам щетIысэхащ. Абы IущIащ Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Кириенкэ Сергейрэ Абхъазым и президент Гунбэ Бадрэрэ.**

КИРИЕНКЭ Сергей и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Новгород Ищхъэрэ къикI япэ кхъухьлъатэр Сыхъум мы тхьэмахуэм щетIысэхынущ. КъищынэмыщIауэ, Урысейм и хэгъэгу зыбжанэм я мурадщ а республикэм ухуэзышэ уэгу гъуэгуанэр дяпэкIэ къагъэсэбэпыну.

**Накъыгъэм и 6,** *гъубж*

◆**Москва и гербымрэ и ныпымрэ я махуэщ**
◆**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.
◆**1875 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхыдэдж, узэщIакIуэ **Долэт-Джэрий СулътIан**.
◆**1936 гъэм** къалъхуащ адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакIуэ, социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч**.
◆**1949 гъэм** къалъхуащ абазэ тхакIуэ, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Мхъыцэ Чэрим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 – 23-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 7,** *бэрэжьей*

◆**Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
◆**Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
◆**1985 гъэм** Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.
◆**1990 гъэм** КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
◆**1936 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном **Чэгъэду Владимир**.
◆**1950 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ**.
◆**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир**.
◆**1954 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI (ПхытIыкI) Соня**.
◆**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ПщыхьэщIэ Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 – 23-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гъужа псыкъуийр уэсэпскIэ из пхуэщIыжын?**

**Зауэжь блэкIам и лажьаер зылъэмыIэса унагъуэ щыIэкъым. ЦIыхум къаридза удын бзаджэр нобэр къыздэсми кIыжакъым. Иужьрей зауэлIым и мащапIэ игъуэтыжыхункIэ зауэм кIэ иIэнукъым, ауэ сытми жаIакъым. Зауэ губгъуэм ихьа я быным пэплъэу, жылэм зэдай гуIэгъуэщ жаIэу мафIэм кърисыкI я гущIэр яущэхуу зи гъащIэ Iыхьэр зыхьа адэ-анэхэр дунейм зэрехыжрэ куэд щIакъым. ЗэуапIэм Iухьахэм япэплъэу зи щIалэгъуэ дахэр лэгъунэ нэщIым щIэсу къэзыхьа, нэчыхь хьэкъкIэ зэувэлIа щхьэгъусэхэм зи гугъапIэ нэхухэр яхуэзыхъума фызабэхэр ноби щыIэщ. Адэм и IэфIыр зыхэзымыщIа быну, ахэр ягу къыщыкIкIэ нэпсыкIэр щIэзыгъэкIыу зеиншэу къэнар дапщэ хъурэ? Зы цIыху пхэщIыным уреудэкI, и кIуэдыкIэ хъуами и щхьэ къэрикIуами ущыщымыгъуазэм деж щхьэлажьэ уещIыпэ. Уи нэгу къыщIэбгъэхьэнуи хьэлъэ дыдэщ бынибгъу-пщIы дигъэкIыу зыри къызыхуэмыкIуэжа анэм игъэвар зыхуэдизыр...**

● ТекIуэныгъэ – 80

# Анэгур пэлъэщакъым апхуэдиз гуауэм

ШАПСЫГЪ лъахэр Къэбэрдейм пэжыжьэми, адыгэ щIыналъэщ. Нобэ хы Iуфэм зыщагъэпсэхуну кIуэ ди лъэпкъэгъу куэдым аркъудей я пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым абдеж зэгуэр адыгэбзэр щыIуу, Адыгэ Хабзэр щызэрахьэу адыгэ жылэшхуэхэр зэрисар. Абыхэм языхэзщ Псыущхъуэ деж щыс къуажэ цIыкIур. Псыущхъуэр псыежэх цIыкIу щхьэкIэ, къиумэ, Iэл зэрыхъум щхьэкIэ, абы и Iуфэм Iус къуажэм ФIеикъуэкIэ еджащ. Къуажэдэсхэм зи цIэ дахэкIэ къраIуэхэм ящыщщ Щхьэлахъуэхэ я лъэпкъыр.

Лъэпкъыр къызытекIыжа Щхьэлахъуэ ХьэкIашэ дунейм щехыжым, и къуэм – Къасболэт – уэсяту хуищIыжыгъат: «Си гъащIэм сызытелэжьар си напэращи, умыугъэлий, ар хъумэ, мылъкуу къыпхуэзгъанэри аращ». Къасболэти адэм и псалъэм текIакъым. Арагъэнущ ФIеикъуэ къуажэ цIыкIум удыхьарэ цIыхур щыбгъэуэршэркIэ, фIэкIыпIэ имыIэу Щхьэлахъуэхэ я гугъур къыщIэхъейр. Къасболэт и цIэр псалъэм къыщыхэхуэкIи, ар зэхэзыхауэ щысхэр нобэ хуэтэджыну, апхуэдизкIэ и дуней тетыкIэрэ псэукIэкIэ пщIэ зыхуригъэщIащи. «ХьэкIашэ напэм телъэщIыхьамэ, Къасболэт ар игъэцIуат» жаIэ фIеикъуэдэсхэм.

ФIеикъуэ нэгъуэщI зы псалъи щызэхэпхынущ: «Къасболэтхэр анитIым я бынщ». Къасболэт япэ щхьэгъусэм щIалиплIрэ хъыджэбзитIрэ дигъуэтауэ ар дунейм ехыжри, нобэ зи цIэри зи щхьэри адыгэ анэм и щапхъэу къалъытэ, Чэбэхъан, Куэшмыдэ Уэсмэн и пхъур, къишэжат. Къасболэтрэ Чэбэхъанрэ сабий пщыкIутху зэдапIащ. Езым къыщIэхъуэжа щIалихымрэ хъыджэбзищымрэ япримыдзыхыу Чэбэхъан ипIащ къызыхыхьа сабий быныр, анэ зиIэм яригъэхъуэпсакъым, щыгъыныджэ ищIакъым, игъэмэжэлIакъым. ЩIым елэжь унагъуэт къызыхэкIари, Чэбэхъан щIым и фIэгъущ хужаIэу ар къигъэдаIуэрт, хилъхьар къехъулIэу, бэв хъуауэ кърихьэлIэжырт. Сыт хуэдэ Iуэхуми хэкIыпIэ зэриIэр хьэкъыу и фIэщ хъурт, ар дахэкIэ пхузэфIэмыхмэ, ущIеувэлIэни щымыIэу къилъытэрт. Чэбэхъан и псалъэхэм ящыщщ: «Дунеижьыр дахэ дэгуашэкIэщ къызэригъэщIари, щытлъагъу псори дахэ гуращэкIэщ зэрызэфIэтхын хуейри». Дунейм тетыхункIи абы текIакъым.

Чэбэхъан и гум фIырэ дахагъэу илъар зыхуэдизыр кърипщIэну зы щапхъэ дахэ щыIэщ. Гъавэр кърахьэлIэжарэ цIыхур и унэ щекIуэлIэжа зы пIалъэ гуэрым хуигъазэрти, Къасболэт и япэ быныр иришажьэрт, я анэшым хьэщIапIэ ишэрт. Быным я нэхъыжь Щауэбэкъуэ гублащхьэм дэсу, езыр сабийхэм яхэсу, гъавэу кърихьэлIам анэш IыхьэкIэ еджэу къыхигъэкIар я хьэщIэ Iусу бынгъэгуфIэ-анэшгъэгушхуэ кIуэрт. Нысэ къашэкIэ апхуэдэ джэгу иращIэкIыу щытакъым, жаIэ, пхъурылъху быныр зыхуашахэм я гуфIэгъуэм апхуэдизкIэ зрагъэIэтырти.

Чэбэхъан фIы дыдэу къыгурыIуэрт быныр егъэджэн зэрыхуейр, зыхэт дунейм щIэныгъэншэу зэрыхэмыпсэукIыфынур. ФIеикъуэ нобэ нэхъыжьу дэсхэм зэрыжаIэжымкIэ, Щхьэлахъуэхэ я унагъуэм зы лъэхъэнэ къуажэ сабийр къыдэмыкIыу дэзу дэту щытащ. Бынунагъуэшхуэм еджапIэм кърата унэ лэжьыгъэр щагъэзащIэкIэ, ауэ сытми зыгуэр дэфтэрым иратхэрэ щхьэж и IуэхукIэ зэбгрыжыжтэкъым, атIэ гупсэхуу зэпкърахырт, нэсу зыгурагъаIуэрти, итIанэт щызэхэкIыжыр. Къуажэ сабийхэм фIыуэ къагурыIуэрт я щхьэ здынэмысахэр, зыхамыщIыкIахэр Щхьэлахъуэхэ зэрыщагъуэтынури, яфIэфIу абы кIуэрт.

Чэбэхъан къуажэ советым и лIыкIуэу щытауи къаIуэтэж, бзылъхугъэ хасэ ФIеикъуэ щызэхэзышари аращ. Къуажэм дэс цIыхубзхэр щIэх-щIэхыурэ зэхуишэсурэ гумэщIыгъуэ къезыт Iуэхугъуэхэр зэрызэфIахынум, лъэпощхьэпо хъухэм нахуэу ирипсалъэрт. Чэбэхъан и фIыгъэщ адыгэ къуажитIыр - ФIеикъуэрэ Нэджыкъуэрэ - зэзыпх мывэубэ гъуэгур нэхъ бгъуэ зэращIар, унагъуэщIэхэм щIапIэщIэхэр зэрыщыхупачар, сымаджэхэм щеплъ фельдшер IуэхущIапIэ къызэрыщызэIуахар, нэгъуэщI куэдри.

Чэбэхъан и анэм къыпихауэ удзкIэ IэзэнкIэ щIэныгъэшхуэ бгъэдэлът. 1930 гъэхэм IуэрыIуатэхэр щитхыжу Шапсыгъ хэгъэгум ита адыгэ IуэрыIуатэхутэ Меркицкэ Рашид иужькIэ игъэщIагъуэу жиIэжу щытащ Щхьэлахъуэ Чэбэхъан узыфэхэм зэрыщыгъуазэр, абыхэм зэреIэзэ удз зэмылIэужьыгъуэхэр фIыуэ зэрицIыхур, ахэр зэрызэхалъхьэмрэ сымаджэм зэрырахьэлIэ щIыкIэхэмкIэ щIэныгъэшхуэ зэриIэр. Фельдшер IуэхущIапIэр ФIеикъуэ къыщызэIуахыхункIэ сымаджэхэм удзкIэ еIэзэу къуажэм дэсар Чэбэхъан и закъуэщ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, адыгэхэм зэрахьэу щыта удз щIэныгъэу нобэ зэрагъэпэщыжым Чэбэхъан и IыхьэфI хэлъщ.

Зауэр Iэ щIыIэкIэ зыхэIэбахэм ящыщщ Щхьэлахъуэхэ Къасболэтрэ Чэбэхъанрэ я унагъуэр. ЩIалэхэм къащыкIэлъыджэми, и нэпсыр и къуэхэм яригъэлъэгъуакъым. Къилъхуа-къимылъхуакIэ зэхидзакъым быныр Чэбэхъан, дэтхэнэми ящхьэщыубгъуауэ псэуат, дэтхэнэми и гур ящIэузырт. Зауэр къыщежьа махуэм Iэщэр къащтэу дэкIа быным яжриIар дэтхэнэ анэмрэ адэмрэ жаIэрат: къуажэми абы къыдэвнэ фи адэжьхэм я напэр тевмых, бийм фи щIыб хуэвмыгъазэ, фезауэ абы пхъашэу, фыкъызэщIэмыкIуэ...

Пшапэр зэхэуа нэужь, Чэбэхъан щэхуу унэм къыщIэкIырти, къуажэ гупэмкIэ кIуэрт, и щIалэхэм япэплъэу. Щэху цIыкIуурэ быным якIэлъиуса мы гъыбзэр зэбгъэщхь хъун щыIэкъым, гущэкъу уэрэд фIэкIа:

Хышхуэ гущэри
къызэрыукъубий, си нану,
Бий фIыцIэжри, уэ
сэрмыгъуэ,
къызэрохькъэ-тIэ,
уэ си нану,
Уэ уи тIасхъэр
езмыгъэхьынкIэрэ
си тобэщ, си нану,
Топыжь гущэри
сымыгъэгъуэнкIэрэ
си псалъэщ, уэ си нану...
Дуней губгъуэри уи
зэуапIэкъэ-тIэ, си нану,
Уэ си унапIэми
симызэгъэжрэ-тIэ, си нану,
Уэ зы цIыкIур
укъысхуихьыжтэмэ, уэ си нану,
Псыущхъуэ мыгъуэри
згъэгуфIэнтэкъэ, си нану...

Чэбэхъан и насып къихьакъым и щIалэхэр илъагъужыну. ЗэрыдэкIрэ куэд мыщIауэ, зэшхэм я нэхъыщIэ Уэсмэн зауэм зэрыхэкIуэдар иту письмо щимэр Щхьэлахъуэхэ къаIэрыхьащ. Абы иужькIэ зыр адрейм иужь иту хъыбар гуауих Чэбэхъан зэхихыну Тхьэм къыхуиухащ. ЦIыхум закъримыгъащIэ щхьэкIэ, анэ тхьэмыщкIэм кIуэцIкIэ игъей и къуэхэр дуней губгъуэм къыщилъыхъуэрт, къэнар псэууэ къыхуихьыжыну, я нэгу иригъэплъэжыну лъаIуэрт. Анэгур пэлъэщакъым апхуэдиз гуауэм. Дунейм щехыжынуми, къыщхьэщысхэм яжриIащ: «СылIэми сывмыгъэй, IэплIэешэкIкIэ срагъэблэгъэжыну си щIалэхэр модрей дунейм къыщыспоплъэ. Си хьэдащхьэ лъапIэ зэрыхъунум сыщогуфIыкI, си щIалэхэм я псэ щIатар Iуэху захуэщи, жылэ Iуэхущи, хэт жиIэн ахэр лIы къимылъхуауэ, анэ имыпIауэ... СыкъэзыгъэщIауэ сызэкIуэлIэжым сыхуэарэзыщ псомкIи...»

1943 гъэм шыщхьэуIум и 14-м Чэбэхъан дунейм ехыжащ. Ар щыщIалъхьа махуэм Чэбэхъан и къуэхэм ящыщ Хьэсэн зауэм зэрыхэкIуэдамкIэ хъыбар къуажэдэсхэм къаIэрыхьащ...

## Къасболэт

Зи щхьэгъуситIми я ужь къина Къасболэт фIэлIыкIышхуэ иIащ. Псэуху еш имыщIэу Iуэхум пэрытащ, сыт хуэдэ хьэлъэми зриту, дэтхэнэ къиинми зыпэщIисэу. Щалъхуа Хэкур зыхилъхьэ щыIакъым, «адыгэ» жаIэу зэхихамэ, ин щIэхъукIырт, нэхъыбэ ищIэну хуейуэ гушхуэныгъэ къыхилъхьэрт. Шапсыгъ щIыналъэр щызэфIагъэувэжым, зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ. Къасболэт и къуэхэм я фэр щIалэгъуалэм яриплъу дунейм тетащ. И быным яжриIэнумрэ яригъэлъагъунумрэ хуэдиз абыхэм яжриIэфырт, иущийрт, адыгагъэм хуигъасэрт. Шапсыгъ щIыналъэу лъым ириIам гущIэгъурэ лъагъуныгъэрэ хуащIыну, зэгуэр абы иIэгъа лъэщыгъэр ирагъэгъуэтыжыну къыхуриджэрт.

И къуэхэр зауэм зэрыхэкIуэдар Къасболэт гуащIэу зыхищIащ. Ауэ Тхьэм бгъэдилъхьэфащ, абы къащIэхъуа я щIэблэр анэмэту къызэрыхуэнар хьэкъыу пхыкIри.

## Щауэбэкъуэ

Щхьэлахъуэ Къасболэтрэ Чэбэхъанрэ я щIалибгъум щыщу адэжь унэм къэзыгъэзэжар Щауэбэкъуэрэ Кърымджэрийрэщ. И ныбжьымрэ узыншагъэкIэ гуныкъуэгъуэ иIэмрэ елъытауэ Щауэбэкъуэ дзэм дашыну щытакъым. АрщхьэкIэ и къуэш нэхъыщIэхэр дигъэкIыныр кърigъэзэгъакъым, я гъусэу кIуащ.

Хэку зауэшхуэр къэхъеин ипэкIэ Щауэбэкъуэ щIым елэжьынымрэ Iэщ гъэхъунымрэ пыщIауэ ФIеикъуэ щызэхаша колхозым хэтащ. ЦIыху щэныфIэт, щабэт, зыхэтхэм фIыуэ къалъагъурт. И анэм ещхьу, Щауэбэкъуэ жылэр къигъэдэIуэфу, къуажэ Iуэху зэфIэмыхьэхэр щызэблагъэкI зэIущIэхэр зэхишэу щытащ.

Зауэр къыщыхъуэям Щауэбэкъуэ илъэс 40 и ныбжьт. Ар зэуапIэм япэу Iухьахэм ящыщщ. Топыр игъауэрэ пэт и Iэм къегуауэу къемыдэIуэж щыхъум, Щауэбэкъуэ зауэм къыIуагъэкIыжат, арщхьэкIэ, 1942 гъэм ирихьэлIэу нэхъыфI щыхъум, дзэм хыхьэжри, Кавказыр, Украинэр, Болгариер, Румыниер, Югославиер щхьэхуит къэзыщIыжхэм яхэтащ. Щауэбэкъуэ и зауэ гъуэгур Будапешт деж щиухащ. Тбилиси дэт уIэгъэщым къыщеIэзэу здыщIэлъым, зауэр зэриухам, ТекIуэныгъэр къызэрахьам и хъыбарыр зэхихащ.

Щхьэлахъуэ Щауэбэкъуэ зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэм папщIэ къэралым и дамыгъэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ, Дзэ Плъыжьым и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI фIыщIэгуапэ тхылъитхуи кърататщ.

Щауэбэкъуэ щалъхуа къуажэм къигъэзэжри, «Шапсыгъ плъыжь» колхозым бригадиру щылэжьащ. 1978 гъэм дунейм ехыжащ.

## Кърымджэрий

Кърымджэрий сапёр бригадэм хэтащ. Кавказым къыщригъажьэри, щIалэр Берлин нэсащ. 1943 гъэм Бэракъ Плъыжь орденыр, «Хахуагъэм папщIэ», «1941–1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ.

Зауэм ипэкIэ Кърымджэрий Ворошиловым и цIэр зезыхьэ колхозым и тхьэмадэу щытащ. Къигъэзэжа нэужь, «Шапсыгъ плъыжь» колхозым и Iэтащхьэу ягъэувыжащ. Щхьэлахъуэ Кърымджэрий 1977 гъэм дунейм ехыжащ.

## Жамбот

Щхьэлахъуэхэ я унагъуэшхуэм щыщу щIэныгъэ нэхъ зыбгъэдэлъар Жамботт. МэкъумэшыщIэ ныбжьыщIэхэм я еджапIэу ТIуапсэ къыщызэIуахар нэхъыфI дыдэу къэзыухахэм ящыщт ар. Еджэныр зи щIасэ Жамбот апхуэдизкIэ жьакIуэти, а еджапIэм шапсыгъ щIалэгъуалэр уэру къекIуалIэрт. ИпэкIи иужькIи къэмыхъуа Iуэхущ ар. ЦIыхур къыщIэупщIэу Жамбот тхылъ гъэтIылъыгъэшхуэ иIащ, спортым хуабжьу дихьэхырт. ФIеикъуэ къуажэ комсомол гупми я пашэу щытащ ар.

Жамбот и зэфIэкIыр къалъытэри, Новочеркасск дэт хабзэхъумэ-хьэкумыщIэ еджапIэм ягъэкIуауэ щытащ. Абы щIэныгъэ куу щызригъэгъуэтам къищынэмыщIауэ, дзыхь къыхуащIри, Коммунист партым хагъэхьат. Ар иужькIэ абы къыхуэщхьэпэжащ Шапсыгъ щIыналъэм и хьэкумыщIэ нэхъыжьу хахынымкIэ.

Зауэр къызэрыхъейуэ Жамбот фIэфIу абы дэкIащ, политунафэщIуи зэуапIэм Iутащ. Ростов деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм къыщигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ Жамбот «Хахуагъэм папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Щхьэлахъуэхэ я щIалэр Таганрог (Щэрау губгъуэ) деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэдащ.

## Атэлыхь

Атэлыхь цIыху щэхуу, псэлъэн нэхърэ жаIэм едэIуэныр нэхъ къищтэу къуажэм дэсащ. ЕджапIэ къэухыгъуэ ихуакъым, ауэ набдзэгубдзаплъэти, езыр-езырурэ и щIэныгъэм хигъахъуэу псэуащ. Колхозым и учётчикыу щытащ, илъэс IэджэкIэ тхьэмадагъэр щызэрихьащ, ФIеикъуэ къуажэм комсомол гупхэр щызэхэзышахэм яхэтащ.

Атэлыхь зауэм щыдашар 1941 гъэм и бжьыхьэращ. Ар зыхэхуар генерал Кириченкэ зи Iэтащхьэ Псыжь къэзакъыдзэрщ, абы хэтуи зэуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къащIыжыну къакIуэ советыдзэм ирагъэкIуэкI зауэхэм ящыщ зым, Мэздэгу деж щекIуэкIам, Атэлыхь лIыгъэ щызэрихьэу хэкIуэдащ. ЩIалэм и кIуэдыкIэ хъуамрэ и щхьэ къэрикIуамрэ унагъуэм куэдрэ ящIакъым, и хъыбарыр абы и гъуса зауэлIым Щхьэлахъуэхэ къажриIэжыхукIэ.

## Iэюб

Зауэм ипэкIэ Iэюб Ленинград заготсату IуэхущIапIэм щылажьэу, абы и унафэщIу щытащ. Iэюб бронь жыхуаIэм хуэдэ иIэт, зауэм дэмыкIынуи хуитт, арщхьэкIэ абырэ и къуэш Хъусенрэ фIырыфIкIэ унэм пхущIэсынухэм ящыщтэкъым. Нэхъыжьхэм ямыщIэу зэкъуэшитIыр 1941 гъэм бжьыхьэку мазэу Мейкъуапэ къакIуэхэри, абдеж щызэхаша 26-нэ фочауэ бригадэм и 116-нэ полкым хыхьащ. ЗэуапIэм щыIухьэкIэ, нэхъ зыхуэныкъуэну Iэмалхэм щыхуагъасэ икIи щIэгъэхуэбжьауэ щыхуагъэхьэзыр щIыпIэу Мейкъуапэ щIыбкIэ мазэ зыбжанэкIэ щыIауэ, 116-нэ полкыр Севастополь ягъэкIуащ, къалэр зыхъумэ дзэм хыхьэн хуэдэу. Iэюб шыщхьэмыгъазэт, шынэ жыхуаIэр ищIэртэкъым, бийр зэщIэмыкIуэмэ, езыр къикIуэтынутэкъым. И къуэш нэхъыщIэ Уэсмэн зауэм зэрыхэкIуэдам и хъыбарыр къыIэрыхьа нэужь, зэрыпхъуакIуэхэм нэхъри епхъэшэкI хъуащ. ФIеикъуэ щыщу Iэюб къыдэзэуа и къуажэгъу Нэпсо Долэтджэрий иужькIэ зэрыжиIэжу щытамкIэ, ар мыхъуамэ, зэуапIэм псэууэ къикIынкIэ Iэмал иIэтэкъым. УIэгъэ хьэлъэ хъууэ лъыр уэру зыщIэкIа Нэпсор зимыщIэжу губгъуэм къинат. Зауэр жэщым щыувыIэм, Iэюб зиплъыхьри, Долэтджэрий игъуэтыжакъым. Псэууэ къелрэ къуажэм игъэзэжмэ, и адэ-анэми, Нэпсохи, къуажэдэсхэми зэраIуплъэжынур и щхьэм къиджэразэри, щэхуу щIытIым къикIри, махуэ псом зауэ гуащIэр щекIуэкIа губгъуэм пщыуэрэ ихьащ. Нэпсохэ я щIалэр иужьрейуэ щилъэгъуа щIыпIэм нэсщ, къигъуэтри, и щIыбым илъу къыIуилъэфыжауэ щытащ.

ЩIалэ гумызагъэр и адэжь напэм емыплъатэмэ, и гур къыхалъхьа хабзэм зэримыхуэтэмэ, апхуэдэ лIыгъэ къыхэмыхуэнри зыхуэIуа щыIэтэкъым. Нэпсохэ я щIалэр псэууэ къызэрыкIа губгъуэм Iэюб икIуэдащ. Севастополь бийм щызыхъумахэм, щхьэхуит къэзыщIыжахэм я фэеплъым тет цIэхэм дыщэпскIэ хэтхащ Щхьэлахъуэ Iэюб ейри.

## Хьэсэн

Хьэсэни щIалэ гупцIанэт, мыхъумыщIэм емызэгъ, дэхуэхамрэ зыхузэфIэмыкIымрэ сыт щыгъуи защIэзыгъакъуэ ныбжьыщIэт. Зауэр къыщыхъейми, япэу дэкIахэм яхэтащ. Хьэсэн ТIуапсэрэ Кърым щIыналъэмрэ зыхъумахэм яхэтащ. 1943 гъэм и мэлыжьыхь мазэм десантыдзэм хэту Новороссийск (ПцIэмэз) деж къыщыщетIысэхым, хьэлъэу къауIат. КъеIэзэну къыздаша Краснодар (Бжьэдыгъукъалэ) дэт уIэгъэщым и псэр щыхэкIащ. Хьэсэн зэрыщымыIэжым и хъыбарыр Щхьэлахъуэхэ я унагъуэм щаIэрыхьам, щIалэхэм я анэ Чэбэхъан щIалъхьауэ къуажэ цIыхухъур кхъэм къыдэкIыжырт...

## Хьэжрэт

Быным яхэттэкъым Хьэжрэт нэхърэ и анэм нэхъ ещхь. Сыт щыгъуи гуфIэ нэгуу, Iуэхум я нэхъ хьэлъэм пэрыхьами, уэрэдрэ гушыIэкIэ кърихьэлIэу апхуэдэ щIалэт. Пшынауэ Iэзэти, ар зылъэгъуахэм жаIэжырт, пшынэр зэкIэщIихарэ макъамэ мащIэ тIэкIу къигъэIуамэ, Нэджыкъуэ щIалэгъуалэр къызэхуэсу зэрыщытар, Хьэжрэт кърягъэпщыкIутIыкIынущ, жаIэу. ПхъэцIычауэ бэлыхьти, пхъэцIыч тхьэмпэхэр щызэтеуэкIэ, Iэгуи ухуэмеижу джэгум тришэрт, апхуэдизкIэ лъэр къемыдэIуэжу ищIырти. ФIеикъуэ колхозым лэжьыгъэкIэ къыхэщхэм я пашэу, щIалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкIи къахэщу щытащ.

Зауэр къыщыхъея илъэсым и япэ мазэхэм ПсыфIыпэ кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэмрэ ТIуапсэ къалэ быдапIэхэмрэ зэщIэгъэпсыхьыным жыджэру хэтащ. АрщхьэкIэ, езыр лъаIуэри, 1942 гъэм и щIымахуэкIэ дыдэм дзэм хыхьащ. И IэщIагъэр къалъытэри, Хьэжрэт лъэмыжхэр, гъуэгухэр, псэуалъэхэр зэзыгъэпэщыж ухуакIуэ батальоным хагъэхьат.

1944 гъэм и бжьыхьэм, Украинэр хуит къыщащIыжым, Сумск и Iэгъуэблагъэхэм щыхэкIуэдащ. Унагъуэ щIыгъуэ имыхуа щIалэщIэм, къыдэзэуахэм зэраIуэтэжымкIэ, фIыуэ илъагъу пщащэм куэдрэ и гугъу ищIырт, кIуэжмэ, и адэ-анэм я унагъуэшхуэм хуэдэ зэрищIынум тепсэлъыхьырт. И псэр щыхэкIми, уэрэду иIэр арат – и Хэкурэ и унагъуэрэ я напэр зэрытримыхар.

## Хъусен

Хъусени щIалэ гушыIэрейт. Арат къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм киногъэлъэгъуапIэ япэ дыдэу хезыгъэщIыхьауэ щытар, киномеханикым и дэIэпыкъуэгъуи хъуар. Абы и лэжьэкIэм ехъуэпса, къыдэкI фильмхэр къанэ щымыIэу зэзыгъэцIыхуа щIалэм киногъэлъэгъуэныгъэм хуэIэпэIэсэ хъуным щIэхъуэпс, ар къэгъэнауэ езыр абыхэм щыджэгуным хуэпабгъэ хъуащ. Хэт ищIэн, зауэр мыхъугъамэ Хъусен къыхэкIыну щытар....

Хъусен и къуэш нэхъыжь Iэюб и гъусэу 26-нэ фочауэ бригадэм и 122-нэ полкым хэтащ. Армавир (Ермэлыхьэблэ) деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэдащ.

## Уэсмэн

Уэсмэн къэфакIуэт, хуэдэ Шапсыгъ хэкум кърамылъхуауэ жаIэу. АпхуэдизкIэ цIыху нэфIэгуфIэти, угукъыдэжыншэми, абы и щытыкIэм укъызэримыгъэлэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Зауэм дэкIынукъыщыкIэлъыджэм, фIеикъуэдэсхэм зэрыжаIэжымкIэ, игъащIэкIэ фигу сыкъинэнщ, жиIэри ирагъэжьэну къызэхуэсахэм я утыкум лъапэрисэ щищIауэ щытыгъат... Апхуэдэущ нобэр къыздэсым Уэсмэн ягу къызэрагъэкIыжыр къуажэдэсхэми – гуапэу, гушыIэр зи щэну, цIыху дахэу...

Уэсмэн Житомир деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэдащ, Щхьэлахъуэхэ я унагъуэм зи хъыбар гуауэ япэу яIэрыхьари аращ.

## Рэмэзан

Рэмэзан зэшхэм я нэхъыжьхэм ящыщт. Пасэу унагъуэ ищIри тIысыжат. Колхозыр щызэхашагъащIэм япэу хыхьахэм ящыщт. ЕджэкIэ-тхэкIэ ищIэрт, къуажэдэсхэр зыхуэныкъуэ тхылъымпIэхэмкIэ ядэIэпыкъурт, лъэIу тхылъхэр яхуэзэхилъхьэрт. Урысыбзэр фIыуэ ищIэрти, куэдрэ зэдзэкIакIуэ яхуэхъурт. Рэмэзан и ныбжьрэ и узыншагъэкIэ зауэм Iуагъэхьэнутэкъым, ауэ зэуапIэм и щIыбым псэемыблэжу щылэжьащ. ТIуапсэ къалэ быдапIэхэр зэщIэзыгъэпсыхьхэм яхэтащ. Къуажэдэсхэр зэдэарэзыуэ «Шапсыгъ плъыжь» колхозым и тхьэмадэу хахауэ щытащ.

Рэмэзан и бынихым ящыщу щIалитIыр Хэку зауэшхуэм хэтащ – Аскэрбийрэ Аслъэнбийрэ. ТIури бланэт, шыщхьэмыгъазэт, хахуэт.

## Аскэрбий

Аскэрбий офицерыцIэр зиIэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ зауэлIт. Зауэм ипэкIэ дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ еджапIэр къиухат. ЩIэныгъэ зиIэ щIалэр ТIуапсэ щIыналъэм ит курыт еджапIэм мазэ бжыгъэкIэ щылэжьэну хунэсат. Зауэр къыщыхъейм, лъаIуэри и IэщIагъэрэ щIэныгъэкIэ абы зэрыхуэгъэпсар тегъэщIапIэ ищIри, Мэзкуу зыхъумэнухэм яхэхуащ. Аскэрбий и хъыбарыр кIэщIкIэщIурэ унагъуэм къалъигъэIэсырт, ауэ 1941 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Мэзкуу деж ар зэрыщыхэкIуэдар иту унагъуэм письмо къаIэрыхьащ...

## Фаинэ

И щхьэгъусэ Аскэрбий зауэм зэрыхэкIуэдар иту письмор къыщыIэрыхьэм, унэм къинэн идакъым Фаинэ. ЛъэпкъкIэ урысми, унагъуэм дахэу хэзэгъат, адыгэ хабзэми щыгъуэзат ар. Аскэрбий дигъуэта и щIалэ цIыкIур Чэбэхъан къыхуихьри, нысэм жиIащ зауэм зэрыкIуэр, Аскэрбий илъ ищIэжыну зэрыдэкIыр. Нэху щыху гупсысэ дыджхэм хэта фызыжьыр пщэдджыжьым лэгъунлейм къыщIыхьа и нысэм и шхыныр зэрылъхьарэ къэлътмакъыр щхьэщыпхыкIыжауэ IущIащ. «Си дыщэр зи дыщэу зылъыта уэ цIыкIури узидыщэщи, Тхьэм уриэнэмэтщ, си хъыджэбз. Сабийр дэ дызэрыхъу, жылэр зэрыхъу хъунщ. Дызыхэт дуней бзаджэм и архъуанэм иджэрэзахэм уэри уахохьэри, укърихыжынкIэ сылъэIуакIуэщ, Тхьэм урихьэщIэщ, си хъыджэбз – зыхъумэ, уи напэм хуэсакъ, уи щIыбыр бийм иумыгъэлъагъу». Ар жиIэри, IэплIэшхуэ зришэкIа цIыхубзым сабийр IэщIилъхьащ... Фаинэ къызыхыхьахэм я хабзэр и хамэтэкъыми, ерагъыу зишыIэу сабийм едэхэщIэжщ, и натIэм ба хуищIри унэм щIэкIат...

Фаинэ Хы фIыцIэ кхъухьыдзэм и 4-нэ медицинэ-санитар бригадэм хэхуэри, медицинэ къулыкъукIэ сержант нэхъыжьу зэуапIэм Iухьащ. Фаинэ и насып къихьакъым и къуэ закъуэр илъагъужыну – 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м Севастополь деж щекIуэкIа зауэм ар щыхэкIуэдащ.

## Аслъэнбий

Щхьэлахъуэ Рэмэзан и къуэ нэхъыщIэ Аслъэнбии и ныбжькIэ къытехуэртэкъым зауэм кIуэну. И къуажэгъухэм я гъусэу губгъуэм итт, лэжьыгъэр къыщрихьэлIэкIэ, и адэм деж ТIуапсэ кIуэрти, къалэр зыгъэбыдэхэм яхыхьэрт. Нэмыцэхэр ФIеикъуэ къуажэ 1942 гъэм гъунэгъу къыщыхуэхъум, Аслъэнбийрэ и шыпхъу нэхъыщIэ Тамарэрэ ягъэIэпхъуэхэм яхэхуащ. Апхуэдэу ахэр Магнитогорск къыщыщIидзащ. Мыбы дэт техникэ IуэхухэмкIэ IэщIагъэ щрат еджапIэм тIури щIэтIысхьа щхьэкIэ, Аслъэнбий куэдрэ зыщиIэжьакъым. И ныбжьым илъэситI хигъахъуэри, щIалэр Тюмень дэт дзэ еджапIэм кIуэхэм захригъэтхащ. А илъэс дыдэм и накъыгъэ мазэм ар сержант-тIасхъэщIэхыу ипщэ фронтым хыхьащ. Аслъэнбий Курск деж щекIуэкIа зауэм хэтащ. Абдеж къыщытехуа уIэгъэм еIэзэри, Днепр зэпрыкIыу Белоруссиемрэ Лэхь щIыналъэмрэ хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ. ЛIыгъэ зэрихьахэм къапэкIуэу Аслъэнбий «Хахуагъэм папщIэ», «1941-45 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ. 1945 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм зи ныбжьыр илъэс 18 фIэкIа иримыкъуа щIалэщIэм, и бгъэр медалхэмрэ орденхэмрэ хэлъу, и адэжь унэ къигъэзэжащ.

## Айдэмыр

Щхьэлахъуэ Къасболэтрэ Чэбэхъанрэ я къуэ Iэлтыхъу и бынщ Айдэмыр. Унагъуэшхуэм щыщу иужьрейуэ зауэм Iухьари аращ. ПщIантIэм къыдэкI щIалэщIэр Чэбэхъан игъэтIысри жриIар мырат: «Мы къуажэм дэсхэм я щхьэ кърикIуам нэхъ лей къытщыщIакъым, си щIалэ. ЗэуапIэм Iухьауэ Iут уи къуэшхэр щIэзауэр псэхугъуэ дгъуэтыжын щхьэкIэщ. СлъэкIамэ узутIыпщынутэкъым, ауэ анэ хьэкъым къищынэмыщIауэ, Хэкуми и хьэкъ птелъщ. ДызэрылIэжынур зэ закъуэщи, си щIалэ, уи натIэ кърихар арамэ, а зэ лIэгъуэм лIыгъэ хэлъхьэ, Щхьэлахъуэхэ ди цIэр дыщэ бжаблэм ирегъатхэ. Уэ уи псэугъуэт, уи дахэгъуэт, ауэ ар къэбзэужын хуейуэ IэнатIэ уиIэ хъуащи, уи псэ ущымысхь. «ЛIыхъужьщ» зыхужегъэIэ, бийм и Iэщэр уи щIыб щумыгъэгъэджэгу. Псом нэхърэ нэхъыфIыр, бжесIэн, си щIалэ – къэгъэзэж...» Ар жиIэри, а зэм Чэбэхъан и нэпсыр хуэмыубыду къыфIыщIэжащ.

Тбилиси дэт, радистхэм я еджапIэр Айдэмыр къиуха нэужь, Ростов къашэжри, абдеж щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэтащ. Румыниер, Венгриер, Австриер, Болгариер щхьэхуит къэзыщIыжахэм яхэтащ. ЛIыгъэ зэрихьахэм папщIэ Айдэмыр «Хахуагъэм папщIэ», «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Венэ къызэращтам папщIэ», «1941-45 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ.

Айдэмыр къигъэзэжащ псэууэ. КъызыхэкIа лъэпкъым щытхъуцIэр къахуихьри къэкIуэжащ, и анэшхуэм и псалъэхэри игъэзэщIащ. Хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ къызыхуэхъуа Айдэмыр жьыщхьэ махуэу псэуащ, дунейм зэрехыжрэ куэд щIакъым.

Шапсыгъ щIыналъэм щыщ зы адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым, Щхьэлахъуэхэ Къасболэтрэ Чэбэхъанрэ я унагъуэм, къуибгъу, къуэрылъхуищ, зы нысэ зауэм ягъэкIуащ. Къэзыгъэзэжар къуитIымрэ къуэрылъхуитIымрэщ. ЦIыхум и лъэужьыр кIэщIу хэкIуэджу жаIэ. Ауэ дауэ ар уи фIэщ зэрыпщIынур, фэеплъыр, гум изыгъэхун къару щымыIэмэ, щIэжыр уахътыншэмэ.

Псэ зыIуту дунейм тетым анэр зыщыгъупщэ щыIэкъым, сыту жыпIэмэ абы и нэпскIэ тхьэщIащ дуней гъуэгур, абы и тхьэлъэIукIэ псыхьащ дуней гъащIэр. Чэбэхъан и фIыщIэр зыхъумэ къуажэдэсхэмрэ бынымрэ хуагъэува фэеплъри адыгэ анэхэм, дуней псом тет анэхэм щIафэеплъри аращ – я нэпсыр зэрыгуащIэрщ, я тхьэлъэIу зэпымыужыр зэрыгуащIафIэрщ.

Пщыгъупщэ мыхъун фэеплъ щыIэщ...

*Тхыгъэри сурэтри зейр «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель*
**ТАБЫЩ Муратщ.**

# Шыгъажэгъуэр ирагъажьэ

**Накъыгъэм и 1-м Налшык и ипподромым къыщызэІуахащ мы гъэм и япэ шыгъажэр. Ар зэрекІуэкІым кІэлъыплъыну къэкІуащ республикэми нэгъуэщІ щІыналъэхэми щыщ цІыху куэд. Шыгъажэр ирагъэжьэн ипэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыбгъэдэкІыу къызэхуэсахэм фІэхъус ярихыжащ икІи псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Марат.**

ШЫГЪАЖЭР зэрекІуэкІым кІэлъыплъащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ Правительствэм щыщхэмрэ, дзэ Іуэху хэхам хэтхэр, ветеранхэр.

ШыгъажэгъуэщІэм и щІыхькІэ ягъэува саугъэтыр къэхьыным хуэунэтІа зэпеуэр нэхъыщхьащ а махуэм. Абы къыщызэдэжащ илъэсищ зи ныбжь шы лъэпкъыфІхэр икІи километр 1800-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэр зэпачащ. ГуащІэу икІи зэхудачыхын мурад ямыІэу къызэдэжахэм ятекІуащ Капушев Мырзэбэч, «Спирит-Сталлион» шымкІэ.

Апхуэдэуи шыгъажэм щагъэджэгуащ КъБР-м и Парламентым и саугъэтыр. Адрей къежэкІыгъуэхэр хухахащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ и махуэм, республикэмрэ къэралымрэ я Профсоюзхэм, къэрал лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэу Ахъмэт Мусэбий, Аттоев Сэлихь, Евтушенкэ Николай сымэ я щІыхькІэ ягъэува саугъэтхэр къэхьыным. Псори зэхэту шыгъажэм щагъэджэгуащ ахъшэ саугъэту сом мелуан 1,7-рэ. Шууейхэм зэпачащ километр 1,2 - 2,0-рэ зи кІыхьагъ гъуэгуанэхэр.

«Шыгъажэр мы гъэм япэу Налшык щедгъажьэу аращ икІи, псом япэу, шы лъэпкъыфІхэр къэзыгъэхъухэмрэ шууейхэмрэ я дежкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ. Шыхэр щІыналъэ куэдым къэрашащ икІи я зэфІэкІхэмкІэ псори зэхуэфащэщ.

Иджыпсту Мэзкуу и ипподромыр зэрагъэпэщыжри, ар зэхуащІащ. Къэралым и шыгъэжапІэ нэхъыщхьэр Налшыкым ейрщ иджыпсту. Ар апхуэдэу хъун щхьэкІэ лэжьыгъэшхуэ мыбы щедгъэкІуэкІащ. Сэ къызэрыслъытэмкІи, налшыкдэсхэр хъарзынэу йохъулІэ, шыгъажэхэм я къызэгъэпэщыкІэм дэбгъуэн щыІэкъым. Мэзкуу и ипподромыр ирагъэжьэжу щытми, си гугъэщ налшыкдэсхэм я лэжьыгъэр къамыгъэлъэхъшэну икІи я Іуэхухэр адэкІи ефІэкІуэну», - жиІащ Росипподромым Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я шыхэм я зэфІэкІхэр къэпщытэнымкІэ и унафэщІым и къуэдзэ Орловэ Наталье.

Налшык и ипподромыр иджыпсту къэралым зэрыщынэхъыщхьэм щхьэкІэ, шыгъажэм дихьэх, шыр фІыуэ зылъагъу цІыху куэд нэгъуэщІ щІыналъэхэм къикІыу, уеблэмэ хамэ къэралхэм щыщхэри яхэту, ди республикэм щыІащ мы махуэхэм.

«Дыгъуасэ къэтщІауэ аращ шыгъажэр Налшык къызэрыщызэІуахыр. ЗэрыжаІэу, псом нэхърэ нэхъ пасэу нобэ дыкъэкІуащ ипподромым. Зыкъэтплъыхьащ, зыдгъэхьэзыращ, сурэт, видео куэд шыхэмрэ шууейхэмрэ ятетхащ. Псори дигу ирихьащ», - жиІащ Мэзкуу къалэм къикІа Чинякин Евгений.

«Сэ куэд щІауэ сыдехьэх шыгъажэм икІи илъэс 20-м щІигъуауэ зы махуэ дэзгъэкІакъым. Сыт щыгъуи ипподромым сыщыІэщ», - ядэгуэшащ журналистхэм налшыкдэс Даур Инари.

Шыгъажэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэ гупхэмрэ, «Кабардинка»-ри яхэту.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мы гъэм шыгъажэу 13 Налшык и ипподромым щызэхашэнущ, шыуэ 200-м щІигъу къагъэжэнущ икІи ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ Хэкум и хъумакІуэхэм я илъэсымрэ я ныпым псори щІэтынущ. КъыкІэлъыкІуэр щекІуэкІынур накъыгъэм и 9-рщ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

# ІуащхьэмахуэлъапэитхыдэлъагъуэщІэхэр

**Налшык щекІуэкІащ Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу «КАВКАЗ. РФ» АО-м «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм къыщызэригъэпэща «105-й пикет», «ТекІуэныгъэм и лъагъуэ» экологие тхыдэ лъагъуэщІэхэм щыхагъэгъуазэ зэхыхьэ. Абы ирагъэблэгъащ журналистхэри.**



ТХЫДЭМ и лъагъуэщІэхэр зыгъэбелджылар «Кавказ. РФ» ІуэхущІапІэрщ. Лъагъуэхэр теухуащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм щыщІэдзауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэ пщІондэ (Кавказыр щхьэхуит къыщащІыжым) а щІыпІэхэм щекІуэкІа (махуэ 442-кІэ) зэхэуэхэм. Ахэр зыхуэдам теухуа хъыбархэр зэхуахьэсынымкІэ чэнджэщэгъу къахуэхъуащ щІэныгъэлІхэмрэ тхыдэджхэмрэ. А лъагъуэхэм щыхатІа пхъэбгъухэм тратхащ тхыдэм къыхэна Іуэхугъуэхэр. 1943 гъэм мазаем и 17-м Дзэ Плъыжьым и сэлэтхэм совет ныпхэр щаІэтащ Іуащхьэмахуэ лъапэм и щыгум. ЛъагъуэщІэхэр метр 3500-рэ лъагапІэм щыІэщ. «ТекІуэныгъэм и лъагъуэр» къыщожьэ Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьхэм я фэеплъыр щагъэува, къыщагъэщІэрэщІэжа Іуащхьэмахуэ лъапэ и «Мир» станцым. Кърегъэзыхри, «Кругозор» станцымкІэ «Сэлэтхэр» фэеплъым хуокІуэ. «105-нэ пикетым» и лъагъуэр «Мир» станцым, обсерваторэм деж къыщожьэри, Іуащхьэмахуэ лъапэ и лъагапІэм - Терскол - ухуешэ. КъыжыІапхъэщ а лъагъуэхэм ирикІуэ зэрыхъунур зыгъэпсэхуакІуэ щыІэ хьэщІэхэр. Накъыгъэм и кІэуххэм щыщІэдзауэ бжьыхьэ пщІондэ лъагъуэхэм къыщрашэкІынущ гупыж зыщІ дэтхэнэри. ЗауэлІхэм я фэеплъхэм, абыхэм я зыгъэпщкІупІэу щытахэм, щІыуэпсым и дахагъэм зыщагъэгъуэзэну Іэмал яІэнущ абыхэм.

2013 гъэм, къэлъыхъуакІуэ гупым я фІыгъэкІэ, альпинист разведротэр Іуащхьэмахуэ дэкІри, совет сэлэт 40-м, 2014 гъэм зауэлІ 29-м я хьэдэхэр къагъуэтыжащ. Ахэр хабзэм тету щІалъхьэжащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ щыпащэ а Іуэхум. Гъэ къэс, шыщхьэуІу - фокІадэ мазэхэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ, а фэеплъхэр зыхуей хуагъэзэж. Урысейм и зауэлІхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ мы лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІ, Іуащхьэмахуэ къыщагъуэтыж сэлэтхэр Тегенекли щыІэ фэеплъым пэгъунэгъуу щыщІалъхьэж.

«Кавказ. РФ» АО-м маркетингымкІэ и департаментым и унафэщІ Желателев Валерэ къытеувыІащ Іуэхум иужь зэрихьам, лъагъуэщІэхэр зэрыхашам, узэрырикІуэну щІыкІэм, а щІыпІэм щыІэ фэеплъхэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, «Национальная Кавказская тропа: от моря до моря» Іуэхум хыхьэу къызэрагъэпэщащ зи гугъу ящІ лъагъуэхэр икІи лейуэ зыхуумыгъэхьэзырми, вакъэ тынш пщыгъмэ, а лъагъуэхэм урикІуэфынущ, шынагъуэншэщи. Іуэхум ухэзыгъэгъуазэ щыбдыщІыгъун хуей лъагъуэхэр щхьэхуэу къагъэлъэгъуащ. Лъагъуэхэр къызэрагъэпэщащ арт-ухуэныгъэхэмкІэ, тетІысхьэпІэхэмкІэ, зыгъэпсэхупІэхэмкІэ. Абдеж музеи къыщызэІуахыну я мурадщ. КъищынэмыщІауэ, Іуащхьэмахуэ и щыгум ныпхэр щагъэуващ, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Кавказ Ищхъэрэр зыхъума Дзэ плъыжьым и зауэлІхэм я фэеплъу.

Лъахэхутэ, турист-лъахэхутэ Іуэхухэм я къызэгъэпэщакІуэ Мокаев Тенгиз лъагъуэщІэхэр зыухуахэм фІыщІэ яхуищІри, зэхыхьэм хэтхэм яхутепсэлъыхьащ Іуащхьэмахуэ лъапэ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ зэхэуэхэр щыщекІуэкІа щІыпІэхэм, къэлъыхъуакІуэ гупым бгым къыщагъуэтыжа хьэдэхэм, хэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъ дапхъэхэр бгы лъагапІэхэм зэрыщагъэувам, а Іуэхум иджыри зэрыпащэм. Хэку зауэшхуэм зэдыхэта КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ яку дэлъа зэныбжьэгъугъэм, абыхэм я гукъэкІыжхэм къытеувыІащ Мокаевыр.

- Куэд щІауэ ди хъуэпсапІэт Іуащхьэмахуэ лъапэ мы лъагъуэщІэхэр къыщызэдгъэпэщыну. Иджы УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и фІыгъэкІэ ар къыдэхъулІащ. Хэку зауэшхуэм теухуа зэхыхьэхэр, фестивалхэр илъэс куэд хъуауэ мыбдеж щокІуэкІ, альпинистхэмрэ къэлъыхъуакІуэхэмрэ щызэхуос. Хэку зауэшхуэм и сэлэтхэр къэгъуэтыжыным теухуауэ къэлъыхъуакІуэ гупми лэжьыгъэшхуэ абдеж щригъэкІуэкІащ, - жиІащ Мокаевым. - Хэку зауэшхуэм теухуа тхыдэм и пэжыпІэр иджыпсту ягъэутхъуэну куэд хэтщи, апхуэдэхэм дапэщІэтын папщІэ щІалэгъуалэр тхыдэм щыдогъэгъуазэ. Ар нэхъыжьхэм ди къалэнщ.

ЗэІущІэм хэтахэр ирагъэплъащ Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІа зэхэуэхэм, Хэку зауэшхуэм хэкІуэда зауэлІхэр къэгъуэтыжыным теухуауэ къэлъыхъуакІуэ гупым хэтхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм теухуа документальнэ фильмым щыщ пычыгъуэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зауэм и бынхэр

# Щхьэлыкъуэ щызэхуос

**Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм иджыблагъэ зэхыхьэ дахэ щрагъэкІуэкІащ.**

АР ТЕУХУАТ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъур гъэлъэпІэным, зи сабиигъуэр зауэ хьэлъэм хиубыдахэм зы мащІэкІэ нэхъ мыхъуми гулъытэ яхуэщІыным. Апхуэдэ Іуэху щхьэпэ къыхилъхьат къуажэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ ВэрылІ Къанщобий. Жэрдэмыр даІыгъащ абы дэт курыт школхэм щеджэхэмрэ я гъэсакІуэхэмрэ, ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІ Уэрыш Ирэ сымэ.

Кърагъэблэгъащ дзэ Іуэху хэхам хэтахэр, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Къанэмэт Замир, абы и къуэдзэхэу Шыдакъ Женярэ КІурашын ФатІимэрэ, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Шэджэм районым щиІэ и къудамэм и унафэщІ Уэрыш Мушарифрэ абы и къуэдзэ Нэзрэн Раисэрэ, Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министерствэм Шэджэм районым щиІэ и къудамэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэт КІуэкІуэ Аскэрбийрэ Шэшэн Сэфарбийрэ.

ЗэІущІэр къыщызэІуахым, Хэку зауэшхуэм къыдэхъея мафІэ лыгъейм зи щхьэр хэзылъхьахэм папщІэ зы дакъикъэкІэ щыгъуэу, УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэр къеуа нэужь, пэшым щІэсхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІ Уэрыш Ирэ.

- Зи сабиигъуэр а лъэхъэнэ гугъум хиубыда ди нэхъыжьыфІхэр гъэлъэпІэным, яшэча гугъуехьыр зыхуэдэм щІэблэр щыгъуазэ щІыным хуэгъэза Іуэхущ нобэрей зэхыхьэр. Ар къыддэзыІыгъыну къытхуеблэгъахэми кърихьэлІахэми ину фІыщІэ фхузощІ! А гукъутэр тщызыгъэгъупщэн дяпэкІэ дымылъагъуу, ди щІэблэм зауэжьу, ди нэхъыжьыфІхэр жьантІэм дэсу Тхьэм куэдрэ фигъэпсэу! - жиІащ абы.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зауэм хэта ди лІыхъужьхэм ящыщу нобэ зыри къуажэм дэсыжкъым. Ауэ гухэщІу екІуэкІа зэман хьэлъэм зи сабиигъуэр ирихьэлІа нэхъыжьыфІхэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, иджыри диІэщ. Абыхэм ящыщщ нобэ къедгъэблэгъахэр. Ди нэхъыжьыфІу фІыщІэ иныр зыхуэфащэхэр, гукъеуэншэу, фи щІэблэм фагъэгуфІэу, узыншагъэм фыщымыщІэу, дэтхэнэми фи лъэр жану Тхьэм куэдрэ фыкъытщхьэщигъэт! - къыхигъэщащ ВэрылІ Къанщобий.

КъыкІэлъыкІуэу къэпсэлъащ Къанэмэт Замир:

- Хэку зауэшхуэр ди ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъур псоми ди зэхуэдэ гуфІэгъуэщ. «Ар унагъуэкІэ зылъэмыІэса ди Хэкум зыри искъым» жытІэми, дыщыуэнкъым. Зауэм дэкІа я нэхъыжьхэм къагъэна лэжьыгъэ мытыншым пэрыувэу, сабиигъуэр зымылъагъуу гугъуехьым пэщІэта ди адэ-анэхэм фІыщІэ ин фхудощІ! Ди къалэн нэхъыщхьэщ къытщІэхъуэ щІэблэм хьэл-щэн дахэ яхэлъу, тхыдэм щыгъуазэу, флъэгъуа гугъуехьыр зыхащІыкІыу къэгъэтэджэныр. Нобэ нэгъуэщІ зы хъыбар щхьэпи къыфхуэсхьащ: зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм папщІэ КъБР-м и Парламентым щІэтлъхьауэ щыта лъэІу тхылъым Іэ щІадзащ, фызыхэта гугъуехьым пэкІуэ пщІэ къызэрыфхуащІыным теухуауэ. Ди нэхъыжьыфІхэм къыфхуащІ гулъытэм хэмыщІу, гукъыдэж фиІэ зэпыту, щІэблэм фагъэгуфІэу, фи чэнджэщыр я гъуазэу, узыншагъэм фыщымыщІэу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу! - жиІащ Къанэмэтым.

Нэхъыжьхэм иратыну къыздахьа «Зауэм и бынхэр» медалхэр Уэрыш Мушарифрэ Къанэмэт Замиррэ цІыху 16-м халъхьащ, зырызыххэу я цІэ къраІуэурэ. Абы нэмыщІ, дзэ Іуэху хэхам хэта щІалитІым «Донбасс щІыпІэр фашистхэм къызэрыІэщІагъэкІыжрэ илъэс 80 ирокъу» псалъэхэр зытет медалхэр иратащ.

Хэкупсэ ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм удз гъэгъахэр зауэм и бынхэм ІэщІалъхьащ, пщІэ зэрыхуащІым и нэщэнэу.

ЩэнхабзэмкІэ унэм и уэрэджыІакІуэ-къэфакІуэ гупым игъэхьэзыра концертымкІэ зэІущІэр зэхуащІыжащ.

Зэхуэсым хэтахэр Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Щхьэлыкъуэ къуажэм дэтым кІуэри удз гъэгъахэр тралъхьащ, хуитыныгъэм папщІэ зи псэр зытахэм хуэщыгъуащ.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

● Туризм

# Дзэлыкъуэ щІыналъэмкІэ яунэтІ

**Дызэрыт илъэсым зэрыщІидзэрэ турист мин 460-м нэблагъэм ди республикэм зыщагъэпсэхуащ. Ди деж къакІуэ хьэщІэхэм иужьрей илъэсхэм нэхъ къыхах хъуащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэр, щыжаІащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм.**

«2025 гъэм и щІышылэм - гъатхэпэм кърибыдэу цІыху мин 459-м Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуащ. Ар процент 15-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ. Псом хуэмыдэу, туристхэм Дзэлыкъуэ щІыналъэмкІэ нэхъыбэу яунэтІ хъуащ. ЖыпІэнурамэ, 2024 гъэм абы зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр мини 150-м щІигъуащ», - къыщыхагъэщащ министерствэм.

Ди деж къакІуэ туристхэм я бжыгъэм щІыхэхъуэм и щхьэусыгъуэу къалъытэр ди щІыналъэм и хьэщІэщхэм ирагъэблэгъэфхэр нэхъыбэ зэрыхъумрэ абыхэм я лэжьэкІэр иджырей мардэхэм зэрыхуэкІуэмрэщ. Псалъэм папщІэ, «Туризмэмрэ хьэщІагъэм ехьэлІа Іуэхухэмрэ» лъэпкъ пэхуэщІэм и фІыгъэкІэ 2024 гъэм хьэщІэщхэм я пэш бжыгъэм 500-м щІигъукІэ къыхагъэхъуащ.

«2021 гъэм щегъэжьауэ Дзэлыкъуэ щІыналъэм зыгъэпсэхуакІуэ кІуэ туристхэм я бжыгъэм щІыхэхъуэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ. Япэрауэ, автомобиль гъуэгу зэпэщхэр зэрыщыІэрщ. Псом хуэмыдэу, Ставрополь крайм къикІыу ди деж къакІуэхэр абы арэзы къещІ. Абы нэмыщІ, «Нарзаныпсхэм я ауз» эко-паркым и щІыпІэ дахэхэм зыІэпишэхэри мащІэкъым. Апхуэдэуи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист щІыпІэхэр хэІущІыІу щІынымкІэ, цІыху нэхъыбэм ахэр къегъэцІыхунымкІэ щІыналъэм щрагъэкІуэкІа рекламэ лэжьыгъэхэри шэсыпІэ хуэхъуащ ди деж къакІуэ цІыхухэм я бжыгъэм хэхъуэным», - къыщыхагъэщащ министерствэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Пашэм зыри пагъэувыфакъым

● Футбол

**«Кубань Холдинг» (Павловскэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:1 (3:0). Павловскэ станицэ. «Урожай» стадион. Накъыгъэм и 3-м. ЦІыху 450-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Суханов (Новосиньковэ), Волков (Москва), Соколов (Ставрополь).

**«Кубань-Холдинг»**: Стенякин, Бабаян (Трефилов, 79), Дашаев, Гараев (Маринченкэ, 89), Захаров, Котов, Уэрэзей, Сапожников (Малолетов, 79), Фадеев (Бакумович, 65), Соловьёв (Михайлов, 65), Дмитриев.

**«Спартак-Налшык»**: Къумыкъу, Хизриев (Джыназ, 44), Къардэн (Жабоев, 86), Чичбэ, Гъуэгузокъуэ, КІэдыкІуей, Блий, Далиев (ЛІуп, 61), Мэшыкъуэ (Хьэшыр, 46), Лысенкэ, Мусаев (Шэрджэс, 79).

**Топыр дагъэкІащ**: Дмитриевым, 15 (1:0). Дмитриевым, 18 (2:0). Дмитриевым, 28-пенальтикІэ (3:0). Дмитриевым, 59 (4:0). ЛІупым, 79 (4:1)

**Дагъуэ къыхуащІащ**: Мусаевым, Гъуэгузокъуэм, Чичбэ, Лысенкэ, Къардэным, Дмитриевым, Хьэшырым, Захаровым, Шэрджэсым.

ДАКЪИКЪЭ 28-рэ дэкІауэ арат Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ щэбэт кІуам «Спартак-Налшыкым» Павловскэ станицэм щригъэжьа зэІущІэм псори наІуэ щыхъуам. Абы ирихьэлІэу ди щІалэхэр 0:3-уэ къыхагъэщІэрт. АдэкІэ джэгур ебгъэуэхами хъуну къыщІэкІынт, зы командэм и ефІэкІыныгъэр апхуэдизу зэрыиныр къэплъытэу. АрщхьэкІэ футболыр бокскъым, абы дакъикъэ 90-кІэ нэхъ мыхъуми ущызэпэщІэтын хуейщ...

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъ «Кубань Холдинг»-м и деж «Спартак-Налшыкыр» кІуат я тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур ямыгъусэу. Абы и щхьэусыгъуэр зэкІэ наІуащэкъым. Куэдым зэрыхуагъэфащэмкІэ, клубым дрищІылІа зэгурыІуэныгъэр и кІэм нэблэгъащ.

Я тренер нэхъыщхьэр ямыгъусэми, налшыкдэсхэм жыджэру джэгун ирагъэжьат. Къыпщыхъунут хэгъэрейхэр ахэрауэ икІи бжьыпэр зыІыгъ гупу. АрщхьэкІэ павловскэдэсхэм я япэ дыдэ ебгъэрыкІуэныгъэм къигъэдзыхащ икІи топыр я гъум къыщыхутащ.

Іуэхур ягъэзэкІуэжыну зрачри, аргуэру зы къыхудагъэкІащ. Ещанэ топми куэдрэ зэпигъэплъакъым. А псоми къыщыхэжанык Іар хэгъэрейхэм я зы футболист закъуэщ - Дмитриев Максимщ. Загъэпсэхуу къихьэжа иужькІи ар увыІакъым икІи бжыгъэр 4:0-м нигъэсащ.

Джэгум и пэщІэдзэр зэрыкІуэцІрагъэхуар зыхэзыщІа Шагъыр Исмел зи пашэ хъуа «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм я футболист зыбжанэ яхъуэжащ. Абы къахуихьар зы топ закъуэ нэхъ мыхъуми хэгъэрейхэм я гъуэм дагъэкІынырщ. Ди щІалэхэм къахэжаныкІар къихьагъащІэ ЛІуп Ислъамщ.

Арати, 1:4-уэ къыхагъащІэри «Спартак-Налшыкыр» турнир таблицэм нэхъри къыщекІуэтэхащ. Ар кІуэ пэтми нэхъ пэжыжьэ мэхъу адэкІэ пашэныгъэм щІэбэныну командэ нэхъыфІихым. Зэман гъунэгъум Іуэхур езыгъэфІэкІуэжыфыну щхьэсыгъуи зэкІэ тлъагъуркъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекІуэкІа зэІущІэ псоми къарикІуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Ростов-2**» (Дон Іус Ростов) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **1:2**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:0**, «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **0:0**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Сочи-2**» (Сочэ) - **1:1**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Нарт**» (Черкесск) - **0:1**.

Накъыгъэм и 10-м къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблэгъэнущ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Кубань Холдинг»** | **8** | **5** | **3** | **0** | **18-7** | **18** |
| **2. «Победа»** | **8** | **5** | **1** | **2** | **12-10** | **16** |
| **3. «Сочи-2»** | **8** | **4** | **3** | **1** | **13-8** | **15** |
| **4. «Ростов-2»** | **8** | **4** | **2** | **2** | **13-7** | **14** |
| **5. «Динамо Ставрополь»** | **8** | **4** | **2** | **2** | **12-11** | **14** |
| **6. «Севастополь»** | **8** | **3** | **4** | **1** | **13-12** | **13** |
| 7. «Легион» | 8 | 3 | 3 | 2 | 10-8 | 12 |
| 8. «Рубин» | 8 | 3 | 2 | 3 | 8-7 | 11 |
| 9. «Нарт» | 8 | 2 | 4 | 2 | 6-8 | 10 |
| 10. «Дружба» | 8 | 2 | 2 | 4 | 12-12 | 8 |
| **11. «Спартак-Налшык»** | **8** | **2** | **2** | **4** | **10-13** | **8** |
| 12. «Астрахань» | 8 | 1 | 4 | 3 | 12-10 | 7 |
| 13. «Ангушт» | 8 | 1 | 2 | 5 | 4-10 | 5 |
| 14. «Динамо-2» | 8 | 0 | 0 | 8 | 1-21 | 0 |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.437
Заказыр № 949
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытІыкІ Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* Елмэс ФатІимэ.
*КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.